


# **Pou Enskri pou Vote nan Eta ou a Sèvi ak Fòm Kat Postal ak Gid sa a**



## **Pou Sitwayen Ameriken yo**

# Enstriksyon Jeneral

## Ki Moun ki ka Itilize Aplikasyon sa a

Si ou se yon sitwayen peyi Etazini ki abite nan peyi Etazini oswa gen yon adrès nan peyi Etazini, ou ka itilize aplikasyon ki nan tiliv sa a pou:

- Enskri pou vote nan Eta ou,
- Deklare yon chanjman nan non ou bay biwo enskripsyon elektè ou a,
- Deklare yon chanjman nan adrès ou bay biwo enskripsyon elektè ou a, oswa
- Enskri ak yon pati politik.

## Eksepsyon

Tanpri, pa sèvi ak aplikasyon sa a si w ap viv andeyò Etazini ak teritwa li yo epi ou pa gen adrès (legal) nan peyi sa a, oswa si ou nan militè ki estasyone lwen lakay ou. Sèvi ak Aplikasyon Kat Postal ou a ki disponib nan baz militè, anbasad ameriken, oswa konsila ou yo.

**New Hampshire** vil ak vil grefye yo ap aksepte aplikasyon sa a sèlman kòm yon demann pou elektè ki pa ka vini nan biwo vòt la ki voye fòm enskripsyon an pa lapòs.

**North Dakota** pa gen enskripsiyan elektè.

**Wyoming** lalwa pa pèmèt enskripsiyan pa lapòs.

## Kijan Pou W Konnen Si Ou Kalifye Pou Enskri Pou Vote Nan Eta Ou

Chak Eta gen pwòp lwa yo konsènan ki moun ki ka enskri ak vote. Tcheke enfòmasyon ki anba Eta ou a nan Enstriksyon Eta yo. Tout Eta mande pou ou se yon sitwayen peyi Etazini pa nesans oswa naturalizasyon pou enskri pou vote nan elekson federal ak Eta yo. Lwa federal fè li ilegal pou moun bay manti reklame sitwayèt ameriken pou enskri pou vote nan nenpòt elekson federal, Eta oswa lokal. Ou **pa ka** enskri pou vote plizyè kote alafwa.

## Fason pou Ranpli Aplikasyon sa a

Itilize Enstriksyon Aplikasyon ak Enstriksyon Eta yo yo pou gide ou lè w ap ranpli aplikasyon an.

- Premyèman, li Enstriksyon Aplikasyon an. Enstriksyon sa yo ap ba ou enfòmasyon enpòtan ki pou tout moun ki itilize aplikasyon sa a.
- Apre sa, chèche Eta ou anba Enstriksyon Eta yo. Itilize enstriksyon sa yo pou ranpli bwat 6, 7, epi al gade nan enstriksyon sa yo pou enfòmasyon sou kalifikasyon elektè ak nenpòt sèman ki obligatwa pou Bwat 9.

## Lè pou w Enskri pou Vote

Chak Eta gen pwòp dat limit li pou enskri pou vote. Tcheke dat limit pou Eta ou a nan dènye paj tiliv sa a.

## Fason ou Soumèt Aplikasyon w lan

Voye aplikasyon ou nan adrès ki endike anba Eta ou a nan Enstriksyon Eta yo. Sinon, depoze aplikasyon an fas-a-fas nan biwo enskripsiyan elektè lokal ou a. Eta ki oblige aksepte fòm nasyonal la ap aksepte kopi aplikasyon ki enprime sou imaj òdinatè sou papye nòmal. Aplikan an dwe siyen li, epi voye li pa lapòs nan yon anvlòp ak tenb ki awopriye a.

## Moun K Ap Vote Pou Premye Fwa Ki Enskri Pa Lapòs Yo

Si w ap enskri pou vote pou premye fwa nan jiridiksyon ou an epi ou voye aplikasyon pou enskripsiyan sa a, lwa federal mande pou ou montre prèv idantifikasiyon ou premye fwa ou vote. Men kèk pyès ou ka bay pou pwouve idantite ou:

- Yon pyès idantite ak foto w sou li ki ajou epi ki valid oswa
- Yon bòdwo sèvis piblik, etadkont labank, chèk gouvenman, chèk travay oswa dokiman gouvenman ki gen non ou ak adrès ou ladan.

Yon elektè ka jwenn egzanpsyon pou egzijans sa a si li soumèt yon **KOPI** idantifikasiyon sa a ak fòm enskripsiyan elektè yo voye pa lapòs la. Si w vle soumèt yon **KOPI**, tanpri sonje bagay sa yo:

- Eta kote w ap viv lan kapab fè w egzijans anplis pou w montre yon pyès idantite nan biwo vòt lan malgre w montre prèv idantifikasiyon Federal lan.
- Pa soumèt dokiman orijinal ak aplikasyon sa, soumèt sèlman **KOPI**.

## Si w te Resevwa Aplikasyon sa nan yon Ajans Eta a oswa Biwo Leta

Si w te resevwa aplikasyon sa nan yon ajans Eta a oswa biwo leta, ou gendwa chwazi si ou vle itilize aplikasyon sa a ou pa. Si w deside itilize aplikasyon sa a pou w enskri pou vote, ou ka ranpli li epi kite li kote ajans Eta a oswa nan biwo leta a. Y ap soumèt aplikasyon an pou ou. Oswa, ou kapab ale ak aplikasyon ou an pou w voye l pa lapòs nan adrès ki endike anba Eta ou a nan Enstriksyon Eta yo. Ou kapab ale ak li tou pou w depoze aplikasyon an ou menm an pèsòn nan biwo enskripsiyan elektè lokal ou a.

Remak: Non ak adrès ajans Eta a oswa biwo leta kote ou resevwa aplikasyon an ap rete konfidansyèl. Li p ap parèt sou aplikasyon ou an. Si w deside pou w pa itilize aplikasyon pou enskri pou w vote, desizyon sa ap rete konfidansyèl tou. Sa p ap afekte sèvis ajans oswa biwo an ap ba ou.

# Enstriksyon Aplikasyon yo

Anvan w ranpli sa ki anndan fòm nan, tanpri reponn kesyon ki nan tèt fòm nan selon si w ap yon sitwayen peyi Etazini ak si w ap gen 18 tan nan Jou Eleksyon an oswa anvan sa. Si youn nan repons ou ta non ak kesyon sa yo, ou p ap kapab itilize fòm sa a pou enskri pou w vote. Men, enstriksyon espesifik eta yo ka bay plis enfòmasyon sou kalifikasyon pou enskri anvan 18 tan.

## Bwat 1 — Non

Mete nan bwat non konplè w nan bwat sa a nan lòd sa — Siyati, Prenon, Dezyèm non. Pa itilize non jwèt oswa inisyal.

*Remak:* Si aplikasyon sa a se pou yon chanjman non, tanpri di nou nan **Bwat A** (*nan dezyèm pati anba fòm nan*) non konplè ou anvan ou te chanje li.

## Bwat 2 — Adrès Kay

Nan bwat sa a mete adrès kay ou (adrès legal ou). **Pa** mete adrès postal ou la si li diferan ak adrès kay ou. **Pa** w itilize yon bwat postal oswa yon wout riral san yon nimewo bwat. Gade nan enstriksyon pou eta espesifik yo pou konnen règ konsènan fason pou itilize nimewo wout yo.

*Remak:* Si w te enskri anvan men se premye fwa w ap enskri nan adrès ki nan bwat 2 an, tanpri di nou nan **Bwat B a** (*nan dezyèm pati anba fòm nan*) nan ki adrès ou te enskri anvan. Tanpri bay mezi detay sou adrès la ou kapab sonje.

*Sonje tou:* Si w ap viv nan yon zòn riral, men ou pa genyen yon nimewo kay ak non ri, oswa si ou pa gen yon adrès, tanpri montre kote w ap viv la nan kat ki nan Bwat C (*anba fòm nan*).

## Bwat 3 — Adrès Postal

Si w resevwa lèt ou nan yon adrès ki diferan ak adrès ki nan Bwat 2 an, mete adrès postal ou nan bwat sa a. Si w pa gen okenn adrès nan bwat 2 an, ou **dwe** ekri nan bwat 3 adrès nan bwat kote yo kapab voye lèt pou ou.

## Bwat 4 — Dat Nesans

Mete nan bwat saa dat nesans ou nan lòd sa — Mwa, Jou, Ane. *Fè atansyon pou w pa itilize dat jodi an!*

## Bwat 5 — Nimewo Telefòn

Pifò Eta mande nimewo telefon ou pou si yo ta gen kesyon sou aplikasyon ou a. Men, ou pa oblige ranpli bwat sa a.

## Bwat 6 — Nimewo Identifikasiyon

Lwa Federal egzije pou eta yo mande yon nimewo idantifikasiyon nan men chak moun k ap enskri. Ou ta dwe gade nan enstriksyon espesifik pou eta w la pou kesyon 6 konsènan enfòmasyon sou ki nimewo y ap aksepte pou eta ou a. Si ou pa gen ni yon lisans chofè, ni yon nimewo sekirite sosyal, tanpri endike sa sou fòm lan epi eta ou pral ba ou yon nimewo.

## Bwat 7 — Chwa Pati

Nan kèk Eta, ou dwe enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a. Pou konnen si Eta ou egzije sa, gade kesyon 7 nan enstriksyon ki anba Eta ou a.

Si ou vle enskri ak yon pati, mete non konplè pati ou vle enskri ladan an ak lèt yo detache.

Si ou pa vle enskri ak yon pati, ekri "okenn pati" oswa kite bwat la vid. Pa ekri mo "endependan" si ou vle di okenn pati," paske yo ka konfond sa avèk non yon pati politik nan Eta ou.

*Remak:* Si ou pa enskri ak yon pati, ou ka toujou vote nan eleksyon jeneral ak eleksyon primè ki pa pou okenn pati (san pati).

## Bwat 8 — Ras oswa Gwoup Etnik

Kèk Eta mande ras oswa gwoup etnik ou, pou yo ka administre Lwa Federal Konsènan Dwa pou Vote a. Pou konnen si Eta ou mande enfòmasyon sa yo, gade kesyon 8 nan enstriksyon ki anba Eta ou a. Si yo mande li, mete nan bwat 8 chwa ki dekri ou pi byen nan lis anba a:

- Endyen Ameriken oswa Alaskyen Natifnat
- Azyatik oswa Abitan Zile Pasifik
- Nwa, *pa* Orijin Ispanik
- Ispanik
- Plizyè Ras
- Blan, *pa* Orijin Ispanik
- Lòt

## Bwat 9 — Siyati

Gade enfòmasyon ki nan kesyon 9 yo nan enstriksyon anba Eta ou a. Anvan ou siyen oswa make dokiman an, asire w:

- (1) Ou satisfè kondisyon Eta ou yo, epi
- (2) Ou konprann **tout** sa ki nan Box 9.

Finalman, siyen **tout** non oswa make dokiman an, epi mete dat jodiya nan lòt sa a - Mwa, Jou, Ane. Si aplikan an pa kapab siyen, mete nan **Bwat D** non, adrès ak nimewo telefon (si ou vle) moun ki te ede aplikan an.

# Voter Registration Application/ Aplikasyon Enskripsyon Elektè

Before completing this form, review the General, Application, and State specific instructions.

Anvan w ranpli fòm sa a, li enstriksyon Jeneral yo, enstriksyon pou Aplikasyon yo, ak enstriksyon Eta yo.

**PLEASE PROVIDE YOUR RESPONSES IN ENGLISH. / TANPRI BAY REPOS OU YO NAN LANG ANGLE.**

Are you a citizen of the United States of America? Eske w se yon sitwayen Etazini Damerik?			Will you be 18 years old on or before election day? Eske ou pral gen 18 tan nan jou eleksyon an oswa anvan jou sa a. <b>If you check "No" in response to either of these questions, do not complete form.</b> <b>Si ou repnon "Non" pou nempòt nan kesiyon sa yo, ou pa bezwen ranpli fòm nan.</b> (Please see state-specific instructions for rules regarding eligibility to register prior to age 18.) (Tanpri gade enstriksyon eta yo pou w ka konnen règ konsènan kalifikasyon pou enskri ayan ou gen 18 tan.)			This space for office use only. / Espas sa a se sèlman moun ki travay nan biwo a ki pou itilize li.		
<b>1</b>	Last Name / Siyati		First Name / Prenon		Middle Name(s) / Dezyèm Prenon			
<b>2</b>	Home Address / Adrès Kay			Apt.or Lot# / Nimewo Apatman oswa Pasèl	City/Town / Vil		State / Eta	
<b>3</b>	Address Where You Get Your Mail If Different From Above / Adrès Kote ou Resewwa Lèt si li Diferan ak sa ki Anwo a			City/Town / Vil		State / Eta		Zip Code / Kod postal
<b>4</b>	Date of Birth / Dat Nesans  Month / Mwa   Day / Jou   Year / Ane		<b>5</b>	Telephone Number (optional) / Nimewo Telefon (si ou vle bay li)		<b>6</b>	ID Number (See Item 6 in the instructions for your state) / Nimewo Idantifikasiyon - (gade atik 6 nan enstriksyon Eta ou yo)	
<b>7</b>	Choice of Party (see item 7 in the instructions for your State) / Chwa Pati (gade atik 7 nan enstriksyon Eta ou yo)		<b>8</b>	Race or Ethnic Group (see item 8 in the instructions for your State) / Ras oswa Gwoup Etnik (gade atik 8 nan enstriksyon Eta ou yo)		<b>9</b>		
<p>I have reviewed my state's instructions and I swear/affirm that: / Mwen te li enstriksyon pou eta mwen an epi mwen sémante/afime:  <input checked="" type="checkbox"/> I am a United States citizen. / Mwen se yon sitwayen peyi Etazini  <input checked="" type="checkbox"/> I meet the eligibility requirements of my state and subscribe to any oath required. / Mwen satisfie kondisyon pou kalifye nan eta mwen epi mwen dakò ak nempòt sèman ki obligatwa.  <input checked="" type="checkbox"/> The information I have provided is true to the best of my knowledge under penalty of perjury. If I have provided false information, I may be fined, imprisoned, or (if not a U.S. citizen) deported from or refused entry to the United States. / Enfomasyon mwen bay yo se laverite selon tout sa mwen konnen epi mwen konnen kapab gen sanksyon si mwen bay manti. Si mwen te bay fo enfomasyon, yo ka fè mwen peye amann, mete mwen nan prizon, oswa (si mwen pa yon sitwayen ameriken) depòte mwen oswa refize mwen antre Ozetazini.</p>								
<div style="text-align: right; margin-top: 10px;"> <span style="border: 1px solid black; padding: 5px;"> </span>          Please sign full name (or put mark) / Tanpri siyen non konplè ou (oswa mete yon mak)          Date / Dat la: <span style="border: 1px solid black; padding: 2px;"> </span> / <span style="border: 1px solid black; padding: 2px;"> </span> / <span style="border: 1px solid black; padding: 2px;"> </span>          Month / Mwa   Day / Jou   Year / Ane       </div>								

**If you are registering to vote for the first time:** please refer to the application instructions for information on submitting copies of valid identification documents with this form.  
**Si w ap enskri pou w vote pou premye fwa:** tanpri gade enstriksyon sou aplikasyon yo pou enfòmasyon sou fason pou soumèt kopi dokiman idantifikasiyon ki valab yo avèk fòm sa a.

**Please fill out the sections below if they apply to you.**

**Tanpri ranpli seksyon ki anba yo la si yo gen pou wè ak sitiayson ou.**

If this application is for a **change of name**, what was your name before you changed it? / Si aplikasyon sa a se pou yon **chanjman non**, kijan ou te rele anvan ou chanje li?

<b>A</b>	Last Name / Siyati	First Name / Prenon	Middle Name(s) / Dezyèm Prenon	
----------	--------------------	---------------------	--------------------------------	--

If you were **registered before but this is the first time you are registering from the address in Box 2**, what was your address where you were registered before?

Si ou te **enskri anvan men sa a se premye fwa ou ap enskri nan adrès ki nan Bwat 2 a**, ki adrès ou te genyen lè ou te enskri anvan an?

<b>B</b>	Street (or route and box number) / Nimewo kay oswa bilding ak non ri a (oswa wout ak nimewo bwat)	Apt.or Lot# / Nimewo Apatman oswa Pasèl	City/Town/County / Vil / Konte	State / Eta	Zip Code / Kod postal
----------	---	---	--------------------------------	-------------	-----------------------

If you live in a rural area but do not have a street number, or if you have no address, please show on the map where you live.

Si w ap viv Si w ap viv nan yon zòn riral, men pa genyen yon nimewo kay ak non ri, oswa si ou pa gen yon adrès, tanpri montre kote w ap viv la nan kat la.

<b>C</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li><input checked="" type="checkbox"/> Write in the names of the crossroads (or streets) nearest to where you live. / Mete non kafou yo (oswa ri yo) ki pi pre kote w ap viv la.</li> <li><input checked="" type="checkbox"/> Draw an X to show where you live. / Make yon X pou montre kote w ap viv la.</li> <li><input checked="" type="checkbox"/> Use a dot to show any schools, churches, stores, or other landmarks near where you live, and write the name of the landmark. /Sèvi ak yon pwen pou montre nempòt lekol, legliz, magazen, oswa lòt sit referans ki tou pre kote w ap viv la, epi ekri non sit referans la.</li> </ul> <div style="display: flex; justify-content: space-between; align-items: center;"> <div style="flex: 1; border: 1px solid black; padding: 5px; margin-right: 10px;">Example / Egzanp</div> <div style="flex: 1; position: relative;"> <div style="position: absolute; top: 50%; left: 50%; transform: translate(-50%, -50%);"> <span style="font-size: 2em;">●</span> Grocery Store / Makèt            Woodchuck Road            Public School / Lekòl Piblik ●         </div> </div> <div style="flex: 1; text-align: right; font-weight: bold;">NORTH / NÒ ↑</div> </div>		
----------	--	--	--

If the applicant is unable to sign, who helped the applicant fill out this application? Give name, address and phone number (phone number optional).

Si aplikan an pa kapab siyen, kimoun ki te ede aplikan an ranpli aplikasyon sa a? Bay non, adrès ak nimewo telefon ou (bay nimewo telefon ou si ou vle).

<b>D</b>			
----------	--	--	--

**Mail this application to the address provided for your State.**

# PA EKRI LA - FOR OFFICIAL USE ONLY

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

FIRST CLASS  
STAMP  
NECESSARY  
FOR  
MAILING



---

---

---

---

---

---

---

---

# Voter Registration Application/ Aplikasyon Enskripsyon Elektè

Before completing this form, review the General, Application, and State specific instructions.

Anvan w ranpli fòm sa a, li enstriksyon Jeneral yo, enstriksyon pou Aplikasyon yo, ak enstriksyon Eta yo.

**PLEASE PROVIDE YOUR RESPONSES IN ENGLISH. / TANPRI BAY REPOS OU YO NAN LANG ANGLE.**

Are you a citizen of the United States of America? <input type="checkbox"/> Yes <input type="checkbox"/> No			Will you be 18 years old on or before election day? <input type="checkbox"/> Yes <input type="checkbox"/> No	This space for office use only. / Espas sa a se sèlman moun ki travay nan biwo a ki pou itilize li.				
<p>Eske w se yon sitwayen Etazini Damerik?</p> <p>If you check "No" in response to either of these questions, do not complete form.</p> <p>Si ou repnon "Non" pou nénpòt nan késyon sa yo, ou pa bezwen ranpli fòm nan.</p> <p>(Please see state-specific instructions for rules regarding eligibility to register prior to age 18.)</p> <p>(Tanpri gade enstriksyon eta yo pou w ka konnen règ konsènan kalifikasyon pou enskri ayan ou gen 18 tan.)</p>								
<b>1</b>	(Circle one) / (Marque uno con un círculo)	Last Name / Siyati	First Name / Prenon		Middle Name(s) / Dezyèm Prenon	(Circle one) / (Antourez un)		
<b>2</b>	Mr. / Mrs. / Miss / Ms. / Mesye Madam Madmwazèl Madam		Apt. or Lot # / Número de Apartamento oswa Pasé	City/Town / Vil		Jr. Sr. II III IV		
<b>3</b>	Address Where You Get Your Mail If Different From Above / Dirección donde recibes tu correo si es diferente			City/Town / Vil		State / Eta		
<b>4</b>	Date of Birth / Dat Nesans  Month / Mwa Day / Jou Year / Ane		Telephone Number (optional) / Número de Teléfono (si ou vle bay li)  5	ID Number (See Item 6 in the instructions for your state) / Nimewo Identifikasiyon - (gade atik 6 nan enstriksyon Eta ou yo)		<b>6</b>		
<b>7</b>	Choice of Party (see item 7 in the instructions for your State) / Chwa Pati (gade atik 7 nan enstriksyon Eta ou yo)		8	Race or Ethnic Group (see item 8 in the instructions for your State) / Ras oswa Gwoup Etnik (gade atik 8 nan enstriksyon Eta ou yo)				
<b>9</b>	<p>I have reviewed my state's instructions and I swear/affirm that: / Mwen te li enstriksyon pou eta mwen an epi mwen sémante/afime:</p> <p><input checked="" type="checkbox"/> I am a United States citizen. / Mwen se yon sitwayen peyi Etazini</p> <p><input checked="" type="checkbox"/> I meet the eligibility requirements of my state and subscribe to any oath required. / Mwen satisfie kondisyon pou kalifye nan eta mwen epi mwen dakò ak nénpòt sérman ki obligatwa.</p> <p><input checked="" type="checkbox"/> The information I have provided is true to the best of my knowledge under penalty of perjury. If I have provided false information, I may be fined, imprisoned, or (if not a U.S. citizen) deported from or refused entry to the United States. / Enfomasyon mwen bay yo se laverite selon tout sa mwen konnen epi mwen konnen kapab gen sanksyon si mwen bay manti. Si mwen te bay fo enfomasyon, yo ka fè mwen peye amann, mete mwen nan prizon, oswa (si mwen pa yon sitwayen ameriken) depòte mwen oswa refize mwen antre Ozetazini.</p>					Please sign full name (or put mark) / Tanpri siyen non konplè ou (oswa mete yon mak)		
						Date / Dat la: _____		
						Month / Mwa	Day / Jou	Year / Ane

If you are registering to vote for the first time: please refer to the application instructions for information on submitting copies of valid identification documents with this form.  
 Si w ap enskri pou w vote pou premye fwa: tanpri gade enstriksyon sou aplikasyon yo pou enfòmasyon sou fason pou soumet kopi dokiman idantifikasiyon ki valab yo avèk fòm sa a.

**Please fill out the sections below if they apply to you.**

**Tanpri ranpli seksyon ki anba yo la si yo gen pou wè ak sitiyasyon ou.**

If this application is for a **change of name**, what was your name before you changed it? / Si aplikasyon sa a se pou yon chanjman non, kijan ou te rele anvan ou chanje li?

<b>A</b>	Mr. / Mesye Mrs. / Madam Miss / Madmwazèl Ms. / Madam	Last Name / Siyati	First Name / Prenon	Middle Name(s) / Dezyèm Prenon	(Circle one) / (Antourez un)		
					Jr. Sr. II III IV		

If you were registered before but this is the first time you are registering from the address in Box 2, what was your address where you were registered before?

Si ou te enskri anvan men sa a se premye fwa ou ap enskri nan adrès ki nan Bwat 2 a, ki adrès ou te genyen lè ou te enskri anvan an?

<b>B</b>	Street (or route and box number) / Número de calle (o ruta y número de caja)	Apt. or Lot # / Número de Apartamento oswa Pasé	City/Town/County / Vil / Konte	State / Eta	Zip Code / Kod postal
----------	--	---	--------------------------------	-------------	-----------------------

If you live in a rural area but do not have a street number, or if you have no address, please show on the map where you live.

Si w ap viv nan yon zòn riral, men pa genyen yon nimewo kay ak non ri, oswa si ou pa gen yon adrès, tanpri montre kote w ap viv la nan kat la.

<b>C</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li><input checked="" type="checkbox"/> Write in the names of the crossroads (or streets) nearest to where you live. / Mete non kafou yo (oswa ri yo) ki pi pre kote w ap viv la.</li> <li><input checked="" type="checkbox"/> Draw an X to show where you live. / Make yon X pou montre kote w ap viv la.</li> <li><input checked="" type="checkbox"/> Use a dot to show any schools, churches, stores, or other landmarks near where you live, and write the name of the landmark. / Sèvi ak yon pwen pou montre nénpòt lekol, legliz, magazen, oswa lòt sit referans ki tou pre kote w ap viv la, epi ekri non sit referans la.</li> </ul>			NORTH / NÒ ↑	
	Example / Ejemplo	Wout # / N.º de casa	Grocery Store / Makèt	Woodchuck Road	X
	Public School / Lekòl Piblik				

If the applicant is unable to sign, who helped the applicant fill out this application? Give name, address and phone number (phone number optional).

Si aplikan an pa kapab siyen, kimoun ki te ede aplikan an ranpli aplikasyon sa a? Bay non, adrès ak nimewo telefon ou (bay nimewo telefon ou si ou vle).

<b>D</b>					
----------	--	--	--	--	--

**Mail this application to the address provided for your State.  
Voye aplikasyon sa a nan adrès Eta ou te bay la.**

# PA EKRI LA - FOR OFFICIAL USE ONLY

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

FIRST CLASS  
STAMP  
NECESSARY  
FOR  
MAILING



---

---

---

---

---

# Enstriksyon Eta yo:

## Alabama

Mizajou: 08-31-2018

**Dat Limit pou Enskripsyon -** Enskripsyon pou vote ap fèmèn nan 14 jou anvan yon eleksyon. Dat ki make sou anvlòp aplikasyon an oswa jou nou depoze li a dwe omwen kenz jou anvan jou eleksyon an.

**6. Nimewo Idantifikasyon.** Si ou gen youn, ou dwe bay nimewo lisans chofè Alabama ou a oswa nimewo kat idantifikasyon Alabama pou moun ki pa gen lisans chofè. Si ou pa gen yon lisans chofè Alabama oswa kat idantifikasyon pou moun ki pa gen lisans chofè, ou dwe bay 4 dènye chif nimewo Sekirite Sosyal ou. Si yo pa te b ou youn nan nimewo sa yo, ou dwe ekri mo "NONE" (OKENN) epi y ap ba ou yon nimewo idantifikasyon inik.

**7. Chwazi yon Pati.** Sèlman si ou vle chwazi youn. Ou pa oblige enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Ou oblige ranpli bwat sa a; sepandan, yo p ap refize aplikasyon ou a si ou pa ranpli li. Gade lis chwa ki anba Enstriksyon Aplikasyon pou bwat 8 la (nan paj 2).

**9. Siyati.** Pou enskri nan Alabama ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan Alabama ak konte ou abite a lè w ap enskri a
- gen 18 tan anvan nenpòt ki eleksyon
- yo pa te kondane ou pou yon gwo krim (oswa yo te retabli dwa sivik ak dwa politik ou yo). W ap jwenn lis gwo krim yo sou sitwèb Sekretè Deta a nan:

[sos.alabama.gov/mtfelonies](http://sos.alabama.gov/mtfelonies)

- yo pa deklare ou gen enkonpetans mantal nan yon odyans konpetans
- sèmante oswa afime ou "kore ak defann Konstitisyon Ameriken an ak Eta Alabama, epi ou denonse nenpòt kwayans oswa afilyasyon ak nenpòt gwoup ki gen entansyon ranvèse gouvenman ameriken an oswa Eta Alabama nan nenpòt ki mwayen ilegal epi enfòmasyon yo ki nan dokiman an se verite, ak èd Bondye"

## Adrès postal:

Office of the Secretary of State  
P.O. Box 5616  
Montgomery, AL 36103-5616

## Alaska

Mizajou: 03-01-2006

**Dat Limit pou Enskripsyon -** 30 jou anvan eleksyon an.

**6. Nimewo Idantifikasyon.** Ou dwe bay youn nan nimewo idantifikasyon sa yo; Lisans chofè Alaska oswa Nimewo Idantifikasyon Eta Alaska. Si ou pa gen lisans chofè Alaska oswa Kat Idantifikasyon Eta Alaska, ou dwe bay kat dènye chif Nimewo Sekirite Sosyal ou. Si ou pa gen okenn nan nimewo idantifikasyon sa yo, tanpri ekri "NONE" (OKENN) sou fòm lan. Y ap ba ou yon nimewo idantifikasyon inik pou w ka enskri pou vote. Enfòmasyon sa a ap rete konfidansyèl. Lè w gen enfòmasyon sa a, sa ede ou gen dosye elektè ou epi l ap ka ede ou verifye idantite ou (Tit 15 nan Lwa Alaska yo).

**7. Chwazi yon Pati.** Ou pa bezwen deklare yon afilyasyon ak okenn pati lè w ap enskri pou vote. Si ou pa chwazi yon pati, yo pral enskri ou kòm Non Deklare. Alaska gen

yon sistèm eleksyon primè fèmèn. Chak pati politik yo rekonèt gen yon lis bilten vòt separe ki gen sèlman non kandida ki nan pati politik sa a. Elektè yo ki enskri kòm yon manm pati politik sa kapab vote sèlman nan bilten vòt pati sa a. Elektè ki enskri kòm non deklare oswa san patizan yo ka chwazi yon bilten vòt nan bilten vòt ki disponib yo.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Kite la vid.

**9. Siyati.** Pou enskri nan Alaska ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- gen omwen 18 tan nan 90 jou oswa pi piti apre dat enskripsyon sa a
- se yon rezidan Alaska
- yo pa te kondane ou pou okenn krim (amwenske yo te lage ou san kondisyon)
- pa dwe enskri pou vote nan yon lòt Eta

## Adrès postal:

Division of Elections  
State of Alaska  
PO Box 110017  
Juneau, AK 99811-0017

## Arizona

Mizajou: 03-01-2006

**Dat Limit pou Enskripsyon -** 29 jou anvan eleksyon an.

**6. Nimewo Idantifikasyon.** Fòm enskripsyon elektè ou ranpli a dwe genyen nimewo lisans chofè Arizona ou, oswa lisans idantifikasyon moun ki pa kondwi selon ARS § 28-3165, si lisans lan ajou ak valab. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa lisans idantifikasyon moun ki pa kondwi ki ajou ak valid, ou dwe mete

# Enstriksyon Eta yo:

kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou si yo te ba ou youn. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa lisans idantifikasiyon moun ki pa kondwi ki ajou ak valid oswa yon nimewo sekirite sosyal, tanpri ekri "NONE" (OKENN) sou fòm nan. Sekretè Deta ap ba ou yon nimewo idantifikasiyon inik.

**7. Chwazi yon Pati.** Si ou enskri nan yon pati politik ki te kalifye pou yo rekonèt nan yon bilten vòt, w ap kapab vote nan bilten vòt elekson primè pou pati sa a. Si ou enskri kòm yon endependan, okenn preferans pati oswa kòm yon manm yon pati ki pa kalifye pou yo mete li nan bilten vòt la, ou ka chwazi epi vote yon bilten vòt elekson primè pou youn nan pati politik yo rekonèt yo.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Kite la vid.

**9. Siyati.** Pou enskri nan Arizona ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan Arizona ak konte ou abite a omwen 29 jou anvan pwochen elekson an
- gen 18 tan nan jou pwochen elekson jeneral lan oswa avan jou sa a
- yo pa te kondane ou pou trayizon oswa yon gwo krim (oswa ou te retabli dwa sivik ou yo)
- pa gen yon tribunal ki deklare ou andikape nan moman an

## Adrès postal:

Secretary of State/Elections  
1700 W. Washington, 7th Floor  
Phoenix, AZ 85007-2888

## Arkansas

Mizajou: 03-01-2006

**Dat Limit pou Enskripsiyon - 30**  
jou anvan elekson an.

**6. Nimewo Idantifikasiyon.** Fòm enskripsiyon elektè ou ranpli a yo dwe gen ladan nimewo lisans chofè ou oswa nimewo idantifikasiyon pou moun ki pa kondwi ou. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa idantifikasiyon moun ki pa kondwi, ou dwe mete kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa idantifikasiyon moun ki pa kondwi oswa yon nimewo sekirite sosyal, tanpri ekri "NONE" (OKENN) sou fòm nan. Eta a ap ba ou yon nimewo idantifikasiyon inik.

**7. Chwazi yon Pati.** Sèlman si ou vle chwazi youn. Ou pa oblige enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan elekson primè pati sa a.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Kite la vid.

**9. Siyati.** Pou enskri nan Arkansas ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- viv nan Arkansas nan adrès ki nan Bwat 2 sou aplikasyon an
- gen omwen 18 tan anvan pwochen elekson an
- yo pa te kondane ou pu yon krim (oswa yo te anile pèn ou a oswa padonnen ou)
- pa reklame dwa pou vote nan okenn lòt jiridiksyon
- pa te jije andikape mantalman nan yon tribunal ki gen jiridiksyon

## Adrès postal:

Secretary of State  
Voter Services  
P.O. Box 8111  
Little Rock, AR 72203-8111

## California

Mizajou: 10-10-2021

**Dat Limit pou Enskripsiyon - 15**  
jou anvan elekson an; elektè kondisyonèl jiska ak nan Jou Eleksyon an.

**6. Nimewo Idantifikasiyon.** Lè w ap enskri pou vote, ou dwe bay nimewo lisans chofè California ou a oswa nimewo kat idantifikasiyon California ou a, si ou gen youn. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa yon kat idantifikasiyon , ou dwe bay kat dènye chif Nimewo Sekirite Sosyal (SSN) ou. Si ou pa mete enfòmasyon sa yo, yo pral egzije w pou bay idantifikasiyon lè ou vote si se premye fwa w ap vote nan yon elekson federal.

**7. Chwazi yon Pati.** Si ou vle chwazi yon pati politik ou prefere, tanpri mete non pati politik la. Si ou pa vle chwazi yon pati politik, mete "Okenn Preferans Pati" nan espas yo mete a. Lwa California pèmèt moun ki chwazi "Okenn Preferans Pati" oswa moun ki te chwazi yon pati politik ki pa kalifye pou yo vote nan elekson primè prezidansyèl la pou nenpòt pati politik ki kalifye epi ki depoze yon avi ak Sekretè Deta a pou pèmèt yo fe sa. Ou ka rele 1-800-345-VOTE oswa ale nan [www.sos.ca.gov](http://www.sos.ca.gov) pou w ka konnen ki pati politik ki pèmèt elektè ki pa gen "Okenn Preferans Pati" yo ak elektè ki te di yo ta pito yon pati politik ki pa kalifye pou patisipe nan elekson primè prezidansyèl la.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Kite la vid.

**9. Siyati.** Pou enskri nan California ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- se yon rezidan California

# Enstriksyon Eta yo:

• ou dwe genyen omwen 16 lane, men ou dwe genyen omwen 18 lane oswa plis nan dat eleksyon an ou gen entansyon vote ladan an  
• pa dwe ap piye yon pèn nan yon prizon eta a oswa nan yon prizon federal la pou yon krim  
• yon tribunal pa te twouve ou andikape mantalman pou vote nan moman an  
W ap oblige siyen. Si ou satisfè kondisyon yo ki anwo a, tanpri siyen kat enskripsyon an epi mete dat la nan espas yo mete a.

## Adrès postal:

Secretary of State  
Elections Division  
1500 11th Street, 5th Floor  
Sacramento, CA 95814

## Colorado

Mizajou: 10-16-2018

**Dat Limit pou Enskripsyon-** Ou ka enskri jiska jou eleksyon an. Ou dwe enskri 8 jou oswa plis anvan jou eleksyon an pou yo ka voye yon bilten vòt ba ou. Si w enskri mwens pase 8 jou anvan jou eleksyon an, ou dwe parèt an pèsòn nan biwo vòt konte ou a pou vote.

**6. Nimewo Idantifikasyon.** Fòm enskripsyon elektè ou ranpli a dwe gen nimewo lisans chofè oswa nimewo idantifikasyon eta ou te ba ou. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa idantifikasyon eta ou te ba ou, ou dwe mete kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa idantifikasyon eta ou te baou, oswa yon nimewo sekirite sosyal, tanpri ekri "NONE" (OKENN) sou fòm nan. Eta a ap ba ou yon nimewo idantifikasyon inik.

**7. Chwazi yon Pati.** Ou ka enskri ak yon pati. Si ou kite seksyon sa a vid ou pa pral enskri ak okenn pati.  
**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Kite la vid.

**9. Siyati.** Pou enskri nan Colorado ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan nan Colorado pou omwen 22 jou touswit anvan Eleksyon an nan kote ou gen entansyon vote a
- gen omwen 16 zan, men ou dwe gen 18 tan oswa plis nan dat eleksyon an kote ou gen entansyon vote a
- pa dwe ap sèvi yon pèn (epi sa gen liberasyon kondisyonèl ladan) pou yon kondanasyon pou krim

## Adrès postal:

Colorado Secretary of State  
1700 Broadway, Suite 200  
Denver, Colorado 80290

## Connecticut

Mizajou: 09-03-2019

**Dat Limit pou Enskripsyon -** Dat ki sou so a dwe sèt (7) jou avan eleksyon an; Dat ki sou so a dwe senk (5) jou avan eleksyon an.

## 6. Nimewo Idantifikasyon.

Nimewo Lisans Chofè Connecticut, oswa si ou pa genyen youn, kat dènye chif nimewo Sekirite Sosyal ou.

**7. Chwazi yon Pati.** Ou pa oblige chwazi yon pati si ou pa vle, men ou dwe enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Kite la vid.

**9. Siyati.** Pou enskri nan Connecticut ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini

- yon rezidan nan Connecticut ak nan vil nan kote ou vle vote a
- gen 17 tan. Moun ki gen 17 tan epi ki pral gen 18 tan avan Jou Eleksyon oswa nan jou a, ka patisipe nan eleksyon jeneral la.
- te fin pase tan ou nan prizon oswa liberasyon kondisyonèl si yo te kondane ou pou yon krim, epi Biwo Enskripsyon Elektè retabli dwa ou pou vote.
- yon tribunal pa te deklare ou andikape mantalman pou vote nan moman an

## Adrès postal:

Secretary of the State  
of Connecticut  
Elections Division  
P.O. Box 150470  
Hartford, CT 06115-0470

## Delaware

Mizajou: 04-18-2018

**Dat Limit pou Enskripsyon -** 4yèm samdi anvan yon eleksyon primè oswa jeneral, epi 10 jou anvan yon eleksyon espesyal.

**6. Nimewo Idantifikasyon.** Fòm enskripsyon elektè ou ranpli a yo dwe gen ladan nimewo lisans chofè ou oswa nimewo idantifikasyon pou moun ki pa kondwi ou. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa idantifikasyon moun ki pa kondwi, ou dwe mete kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa idantifikasyon moun ki pa kondwi oswa yon nimewo sekirite sosyal, tanpri ekri "NONE" (OKENN) sou fòm nan. Eta a ap ba ou yon nimewo idantifikasyon inik.

**7. Chwazi yon Pati.** Ou dwe enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a.

# Enstriksyon Eta yo:

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Kite la vid.

**9. Siyati.** Ou ka enskri pou vote nan Delaware si ou:

- se yon sitwayen peyi Etazini, EPI
  - se yon rezidan Delaware; (Delaware se kay ou), EPI
  - ou pral gen 18 tan nan jou pwochen Eleksyon Jeneral lan oswa avan jou sa a
- Ou pa ka enskri pou vote nan Delaware si:
- yo te jije ou andikape mantalman. Jije ou andikape mantalman se yon jijman espesifik nan yon pwosè pou lagad oswa yon kalite pwosè konsa, selon prèv ki klè ak konvenkan ki montre yon moun gen yon yon gwo pwoblèm mantal ki anpeche li egzèse jijman fondamantal pou vote; OSWA
  - yo te kondane pou yon krim epi ou poko fini ak pèn ou a, OSWA
  - yo te kondane pou yon krim ki fè ou pa kalifye\* epi yo pa te padonnen ou.

\*Lis Krim ki fè Moun pa Kalifye:

- tiye yon moun, (sof si se nan yon aksidan machin ou touye moun nan);
- nenpòt ki krim ou ofanse kont administrasyon publik kote w ap fè koripsyon oswa gen move enfliyans oswa abize pouwva nan yon biwo, oswa nenpòt ki ofans konsa selon lalwa nan nenpòt ki eta oswa jiridiksyon lokal, oswa peyi Etazini, oswa nan Distri Columbia; oswa
- nenpòt ki krim ki gen zak kadejak, oswa nenpòt ki ofans konsa selon lalwa nan nenpòt ki eta oswa jiridiksyon lokal, oswa peyi Etazini, oswa nan Distri Columbia.

## Adrès postal:

State of Delaware  
Office of the State Election  
Commissioner  
905 S. Governors Ave., Suite 170  
Dover, DE 19904

## Distri Columbia

Mizajou: 10-10-2021

**Dat Limit pou Enskripsyon -**  
21 jou anvan eleksyon an si w ap enskri pa lapòs, sou entènèt, oswa atravè aplikasyon mobil la, men yon elektè ka enskri fas-a-fas pandan vòt bonè ak nan Jou Eleksyon an.

**6. Nimewo Idantifikasiyon.** Lwa federal kounye a egzije pou tout aplikasyon pou enskripsiyan elektè gen ladan swa nimewo lisans chofè aplikan an oswa kat dènye chif nimewo sekirite sosyal aplikan an pou yo ka travay sou aplikasyon sa a.

**7. Chwazi yon Pati.** Ou dwe enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Kite la vid.

**9. Siyati.** Pou vote nan Distri Columbia ou dwe:

- se yon sitwayen Etazini
- se yon rezidan nan Distri Columbia
- gen rezidans Distri Columbia pou omwen 30 jou anvan eleksyon ou vle vote a.
- pa reklame rezidans pou vote oswa dwa pou vote nan yon lòt eta oswa teritwa Ozetazini
- gen omwen 17 tan (Ou ka enskri pou vote si ou gen omwen 16 zan.) Ou ka vote nan yon eleksyon primè si ou gen omwen 17 ane epi ou pral gen omwen 18 lane nan pwochen eleksyon jeneral la. Ou ka vote nan

yon elekсьon jeneral oswa espesyal si ou gen omwen 18 ane).

- yon tribunal pa te twouve ou andikape legalman pou vote

## Adrès postal:

District of Columbia Board of Elections  
1015 Half Street, SE, Suite 750  
Washington, DC 20003

## Florida

Mizajou: 11-30-2011

**Dat Limit pou Enskripsiyan -** 29 jou anvan eleksyon an.

**6. Nimewo Idantifikasiyon.** Si ou gen youn, ou dwe bay nimewo lisans chofè Florida ou a oswa nimewo kat idantifikasiyon Florida ou a. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa yon kat idantifikasiyon Florida, ou dwe bay kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou. Si yo pa te ba ou youn nan nimewo sa yo, ou dwe ekri mo "NONE" (OKENN).

**7. Chwazi yon Pati.** Ou dwe enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Nou mande pou ou ranpli bwat sa a, men ou pa oblige. Gade lis chwa yo ki anba Enstriksyon Aplikasyon an pou bwat 8 la (nan paj 2).

**9. Siyati.** Pou enskri nan Florida ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan legal Eta Florida ansanm ak konte ou vle enskri a
- gen omwen 18 tan (ou ka enskri davans si ou gen omwen 16 zan)
- yo pa te janm jije ou gen andikap mantal parapò ak dwa pou vote nan Florida oswa nenpòt ki lòt Eta, oswa si sa te rive, yo dwe retabli dwa ou pou vote.

## Enstriksyon Eta yo:

• pa yon moun yo te kondane pou yon krim, oswa si sa te rive, yo dwa retabli dwa pou vote si yo te anile li.

• sèmante oswa afime sa ki annapre a:

"Mwen pral pwoteje ak defann Konstitisyon Peyi Etazini ak Konstitisyon Eta Florida, mwen kalifye pou mwen enskri pou voute kòm yon elektè selon Konstitisyon ak lwa Eta Florida yo, epi tout enfòmasyon ki nan aplikasyon sa a se verite."

### Adrès postal:

State of Florida  
Department of State  
Division of Elections  
The R.A. Gray Building  
500 South Bronough St, Rm 316  
Tallahassee, Florida 32399-0250

## Georgia

Mizajou: 08-15-2013

**Dat Limit pou Enskripsyon -** Senkyèm Lendi anvan nenpòt elekson primè, elekson jeneral, oswa primè pou preferans prezidansyèl, oswa elekson espesyal ki pwograme regilyèman selon Kòd Eleksyon Eta Georgia a. Si yo ta pwograme yon elekson espesyal nan yon diferan dat ki pa sa ki nan Kòd Eleksyon Georgia a, enskripsiyan ap ini nan 5yèm jou apre yo di sa.

### 6. Nimewo Idantifikasiyon.

Lwa federal egzije pou ou bay nimewo konplè lisans chofè Georgia ou oswa nimewo konplè idantifikasiyon Georgia ou te resevwa nan eta a. Si ou pa gen yon lisans chofè Georgia oswa yon kat idantifikasiyon Georgia, ou dwe bay 4 dènye chif nimewo Sekirite Sosyal ou. Se sèlman si ou

vle w ap bezwen bay tout nimewo sekirite sosyal ou. Nimewo Sekirite Sosyal ou ap rete konfidansyèl epi yo kapab itilize li pou konpare ak lòt baz done ajans eta pou idantifikasiyon nan enskripsiyan elektè yo. Si ou pa posede gen lisans chofè Georgia oswa yon nimewo Sekirite Sosyal, y ap bay yon nimewo idantifikasiyon inik pou ou itilize.

**7. Chwazi yon Pati.** Ou pa oblige enskri ak yon pati pou patisipe nan elekson primè pati sa a.

### 8. Ras oswa Gwoup Etnik.

Nou mande pou ou ranpli bwat sa a. Gade lis chwa yo ki anba Enstriksyon Aplikasyon an pou bwat 8 la (nan paj 2).

**9. Siyati.** Pou enskri nan Georgia ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan legal Georgia ansanm ak konte ou vle vote a
- gen 18 tan nan sis mwa oswa mwens apre jou enskripsiyan an, epi 18 tan pou vote
- pa ap sèvi yon pèn pou yon kondanasyon pou krim
- yo pa te jije ou andikape mantalman nan yon tribinal, amwenske yo te retire andikap la

### Adrès postal:

Elections Division  
Office of the Secretary of State  
2 Martin Luther King Jr. Drive  
Suite 802 Floyd West Tower  
Atlanta, Georgia 30334

## Hawaii

Mizajou: 10-10-2021

**Dat Limit pou Enskripsiyan - 10**  
jou anvan elekson an.

**6. Nimewo Idantifikasiyon.** Lè w ap enskri pou vote, ou dwe bay nimewo lisans chofè ou a oswa

nimewo idantifikasiyon Eta Hawaii ou a, si ou gen youn. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa yon nimewo idantifikasiyon, ou dwe bay kat dènye chif Nimewo Sekirite Sosyal (SSN) ou. Si ou pa gen okenn nan enfòmasyon sa yo, Biwo Grefye a ap ba ou yon nimewo idantifikasiyon inik, ou pral sèvi pou idantifye ou pou enskripsiyan elektè a.

**7. Chwazi yon Pati.** Ou pa oblige "chwazi yon pati" pou enskri pou vote.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Ou pa oblige bay enfòmasyon sou ras oswa gwoup etnik ou pou enskri pou vote.

**9. Siyati.** Pou enskri nan Hawaii ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan Eta Hawaii
- gen omwen 16 zan (ou dwe gen 18 tan oswa plis nan dat elekson pou w ka vote)
- pa nan prizon pou yon kondanasyon pou krim
- yon tribinal pa te dwe jije ou "non compos mentis" (ou pa gen pwoblèm nan tèt)

### Adrès postal:

Office of Elections  
State of Hawaii  
802 Lehua Avenue  
Pearl City, HI 96782

## Idaho

Mizajou: 06-27-2022

**Dat Limit pou Enskripsiyan - 25**  
jou anvan elekson an.

### 6. Nimewo Idantifikasiyon.

Antre nimewo ki nan kat lisans chofè Idaho ou oswa ki nan kat idantifikasiyon Depatman Transpò Idaho bay. Si ou pa gen yon kat

# Enstriksyon Eta yo:

konsa, antre 4 dènye chif nimewo sekirite sosyal ou.

**7. Chwazi yon Pati.** Sof si pati politik la chwazi pou gen yon eleksyon primè, li obligatwa pou afilye avèk yon pati politik obligatwa si ou vle patisipe nan eleksyon primè yon pati politik.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Kite la vid.

**9. Siyati.** Pou enskri nan Idaho ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- te abite nan Idaho ak konte a pou 30 jou anvan jou eleksyon an
- gen omwen 18 tan
- pa yo te kondane ou pou yon krim, epi san yo pa te retabli dwa sitwayènte ou yo, oswa ou pa nan prizon oswa yo pa te kondane ou pou yon ofans kriminèl

## Adrès postal:

Secretary of State  
P.O. Box 83720  
State Capitol Bldg.  
Boise, ID 83720-0080

## Illinois

Mizajou: 09-03-2019

**Dat Limit pou Enskripsyon - 28**  
jou anvan chak eleksyon.

**6. Nimewo Idantifikasiyon.** Illinois mande swa lisans chofè a (oswa Kat Idantite Sekretè Deta) oswa dènye 4 chif Nimewo Sekirite Sosyal Sosyal yo. Pou moun ki pa gen okenn nan bagay sa yo, epi ki pa te anrejistre nan Illinois anvan, yo te dwe voye yon fòm enskripsiyan pa lapòs ansanm ak yon kopi lòt enfòmasyon ki idantifye yo, ak aplikasyon sa a, oswa (i) yon kopi foto idantifikasiyon

ki ajou ak valid, oswa (ii) yon kopi yon bòdwo sèvis publik ki ajou, etadkont labank, chèk gouvènman, souch chèk, oswa lòt dokiman ki montre non ak adrès elektè a. Si ou pa bay enfòmasyon nou mande anwo a, ou pral oblige bay ofisyèl eleksyon yo swa (i) oswa (ii) ki dekri anwo a premye fwa w al vote yon kote.

**7. Chwazi yon Pati.** Ou pa bezwen enskri oswa gen preferans pou yon pati pou enskripsiyan elektè. Sepandan, lè ou aplike pou yon bilten prensipal, ou dwe endike pati ou prefere pou eleksyon sa a.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Kite la vid.

**9. Siyati.** W ap oblige siyen. Si siyati ou manke nan fòm enskripsiyan an, nou pral di w enskripsiyan an pa konplè.

Pou enskri nan Illinois ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan Illinois ak sikonsipsyon elektoral ou a omwen 30 jou anvan pwochen eleksyon an
- gen omwen 18 tan nan jou pwochen eleksyon an oswa anvan jou sa a
- pa nan prizon pou yon kondanasyon pou krim
- pa reklame dwa pou vote okenn lòt kote

**Pre-Enskripsiyan pou Moun 17 an.** Illinois pèmèt yon moun ki gen 17 tan ki pral gen 18 tan nan jou Eleksyon Jeneral la (oswa Eleksyon Konsolide, eleksyon ane enpè pou pòs minisipal, vil, komisyon lekòl ak lòt pòs lokal) pou enskri ak vote nan Eleksyon Primè (oswa Primè Konsolide) kote yo pral nome kandida pou pwochen Eleksyon Jeneral (oswa Eleksyon Konsolide a).

## Adrès postal:

State Board of Elections  
2329 S. MacArthur Boulevard  
Springfield, IL 62704

## Indiana

Mizajou: 03-01-2006

**Dat Limit pou Enskripsiyan - 29**  
jou anvan eleksyon an.

## 6. Nimewo Idantifikasiyon.

Nimewo idantifikasiyon elektè eta ou se lisans chofè dis chif Indiana yo te ba ou a. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa yon kat idantifikasiyon Indiana, ou dwe bay kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou. Tanpri endike ki nimewo ou te bay. (Kòd Indiana 3-7-13-13)

**7. Chwazi yon Pati.** Kite la vid.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Kite la vid.

**9. Siyati.** Pou enskri nan Indiana ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- te abite nan sikonsipsyon an omwen 30 jou anvan pwochen eleksyon an
- gen omwen 18 tan nan jou pwochen eleksyon jeneral la
- pa nan prizon pou yon kondanasyon pou krim nan moman an

## Adrès postal:

Election Division  
Office of the Secretary of State  
302 West Washington Street,  
Room E-204  
Indianapolis, IN 46204-2743

## Iowa

Mizajou: 10-31-2020

**Dat Limit pou Enskripsiyan - Dat**  
Limit pou Enskripsiyan — Dwe

# Enstriksyon Eta yo:

livre anvan 5 p.m. 10 jou anvan eleksyon an, si se yon eleksyon jeneral; 11 jou anvan tout lòt yo.\* Fòmilè enskripsyon ki genyen mak lapòs sou yo 15 jou oswa plis anvan yon eleksyon konsidere alè menm yo resevwa yo aprè dat limit lan.

\*\*Si ou pa rive respekte dat limit enskripsyon votè ki anwo a, ou ka enskri epi vote pandan w ap swiv machaswiv pou enskripsyon nan jou eleksyon an. Ou ka jwenn sa yo sou sit entènèt Sekretè Deta Iowa a: <https://sos.iowa.gov/elections/voterinformation/edr.html>.

## 6. Nimewo Idantifikasyon.

Nimewo ID ou an se nimewo lisans chofè (oswa nimewo idantifikasyon kat Iowa ki pa pou kondi) si ou genyen youn, si ou pa genyen youn, lè sa se pral kat dènyè chif nimewo sekirite sosyal ou. Yo pral verifiye nimewo ID ou bay la nan Depatman Transpò oswa nan Administrasyon Sekirite Sosyal Iowa a.

**7. Chwazi yon Pati.** Ou kapab, men ou pa oblige enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a. Ou ka chanje oswa deklare yon afilyasyon ak yon pati nan biwo vòt yo nan jou eleksyon primè a.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Kite la vid.

**9. Siyati.** Pou enskri nan Iowa ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan Iowa
- dwe genyen omwen 17 lane; Yon moun kapab vote si li pral genyen laj 18 lane nan jou eleksyon an oswa anvan jou eleksyon an. Si se eleksyon primè yo, yon moun kapab vote si li pral genyen laj 18 lane nan eleksyon regilye korespondan an oswa anvan sa .

- yo pa te kondane ou pou yon gwo krim oswa ou te retabli dwa ou yo
- yon tribinal pa te jije ou "andikape mantalman" pou vote nan moman an
- pa reklame dwa pou vote plizyè kote
- pa reklame dwa pou vote okenn lòt kote

### Adrès postal:

Elections Division  
Office of the Secretary of State  
Lucas Building-1st Floor  
321 E. 12th Street  
Des Moines, IA 50319

## Kansas

Mizajou: 10-25-2013

**Dat Limit pou Enskripsyon** - Dat ki sou anvlòp lapòs la oswa jou ou depoze li a se 21 jou anvan eleksyon an.

**6. Nimewo Idantifikasyon.** Fòm enskripsyon elektè ou ranpli a dwe gen nimewo lisans chofè oswa nimewo kat idantifikasyon moun ki pa kondwi eta ou te ba ou. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa kat idantifikasyon moun ki pa kondwi, ou dwe mete kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa kat idantifikasyon moun ki pa kondwioswa yon nimewo sekirite sosyal, tanpri ekri "NONE" (OKENN) sou fòm nan. Eta a ap ba ou yon nimewo idantifikasyon inik. Yo pral utilize nimewo ou bay la sèlman pou rezon administratif, epi yo pa pral pataje li ak piblik la. (KSA 25-2309).

**7. Chwazi yon Pati.** Ou dwe enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Kite la vid.

**9. Siyati.** Pou enskri nan Kansas ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan Kansas
- gen 18 tan anvan pwochen eleksyon an
- te fin sèvi pèn ou si yo te kondane ou pou yon krim; yon moun k ap sèvi yon pèn pou yon krim pa kalifye pou vote
- pa reklame dwa pou vote okenn lòt okenn sou okenn lòt non
- yon tribinal nan jiridiksyon konpetan pa te di ou pa gen dwa pou vote

### Adrès postal:

Secretary of State  
1st Floor, Memorial Hall  
120 SW 10th Ave.  
Topeka, KS 66612-1594

## Kentucky

Mizajou: 03-01-2006

**Dat Limit pou Enskripsyon** - 29 jou anvan eleksyon an.

**6. Nimewo Idantifikasyon.** W ap bezwen bay tout nimewo sekirite sosyal ou. N ap itilize li sèlman pou rezon administratif epi nou p ap pataje li ak piblik la (KRS 116.155). Yo p ap refize dwa okenn moun pou vote paske li pa te bay yon nimewo sekirite sosyal.

**7. Chwazi yon Pati.** Ou dwe enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Kite la vid.

**9. Siyati.** Pou enskri nan Kentucky ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan Kentucky
- yon rezidan nan konte a pou omwen 28 jou anvan dat eleksyon an

# Enstriksyon Eta yo:

- gen 18 tan nan jou pwochen eleksyon jeneral lan oswa avan jou sa a
- yo pa te kondane ou pou yon krim oswa si yo te kondane ou pou yon krim, yo te retabli dwa sivik ou yo ak padon egzekitif
- yo pa te jije ou "andikape mantalman" nan yon tribunal
- pa reklame dwa pou vote okenn kote deyò Kentucky

## Adrès postal:

State Board of Elections  
140 Walnut Street  
Frankfort, KY 40601-3240

## Louisiana

Mizajou: 02-28-2019

Dat Limit pou Enskripsyon - 30 jou anvan eleksyon an.

**6. Nimewo Idantifikasyon.** Ou dwe bay nimewo lisans chofè Louisiana ou a oswa nimewo kat idantifikasyon espesyal Louisiana ou a, si ou gen youn. Si ou pa gen youn, w ap bezwen bay omwen kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou, si ou gen youn. Ou ka bay nimewo sekirite sosyal konplè ou si ou vle. Si aplikan an pa gen ni yon lisans chofè Louisiana, ni yon kat idantifikasyon espesyal Louisiana, oswa yon nimewo sekirite sosyal, aplikan an ap bezwen kole youn nan dokiman sa yo ak aplikasyon sa a: yon kopi pyès idantifikasyon ak foto ou ki ajou epi valid; oswa (b) yon bòdwo pou sèvis publik, etadkont labank, chèk gouvènman, souch chèk, oswa lòt dokiman gouvènman ajou ki montre non ak adrès aplikan an. Biwo enskripsiyan an ak Depatman Deta pa gen dwa bay nimewo sekirite sosyal yon elektè ki enskri bay lòt moun oswa mete nimewo sekirite sosyal elektè

ki enskri yo sou lis komèsyal (R.S. 18:104 ak 154; 42 U.S.C. § 405).

**7. Chwazi yon Pati.** Si ou pa vle afilye ak yon pati, ou gendwa p ap ka voye nan eleksyon Primè Preferans Prezidansyèl ak eleksyon komite pati a. Ou pa oblige afilye ak yon pati politik pou okenn lòt eleksyon.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Ranpli bwat sa a se si ou vle. Gade lis chwa yo ki anba Enstriksyon Aplikasyon an pou bwat 8 la (nan paj 2).

**9. Siyati.** Pou enskri nan Louisiana ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan Louisiana (Adrès rezidans yo dwe adrès kote ou reklame egzanpsyon pou kay, si genyen, eksepte pou yon rezidan nan yon mezon retrèt oswa kay veteran ki ka chwazi sèvi ak adrès mezon retrèt oswa kay veteran oswa kay kote li gen yon egzanpsyon pou kay. Yon etidyan nan inivèsite ka chwazi itilize adrès kay oswa adrès li pandan li lekòl.)
- gen omwen 17 tan (16 zan si w ap enskri pou vote ak aplikasyon pou lisans chofè oswa fas-a-fas nan biwo enskripsiyan elektè a), epi ou dwe gen 18 tan anvan pwochen eleksyon an pou w vote
- pa dwe gen yon lòd pou ale nan prizon pou kondanasyon yon krim; oswa si ou gen lòt sa a (1) pa te nan prizon selon lòt la nan senk ane ki sot pase yo (2) pa sou yon lòt prizon ki gen pou wè ak yon kondanasyon yon krim pou fwod eleksyon oswa nenpòt lòt ofans eleksyon selon R.S. 18:1461.2
- pa sou yon jijman entèdiksyon konplè andikap mantal oswa entèdiksyon limite kote yo te sispann dwa ou pou vote

## Adrès postal:

Secretary of State  
Attention: Elections Division

P.O. Box 94125  
Baton Rouge, LA 70804-9125

## Maine

Mizajou: 08-14-2012

Dat Limit pou Enskripsiyan - Livre 21 jou ouvraj anvan eleksyon an; (oswa yon elektè ka enskri *an pèsòn* jiska jou eleksyon an).

**6. Nimewo Idantifikasyon.** Ou dwe bay nimewo lisans chofè Maine ou. Si ou pa gen yon lisans chofè Maine,, ou dwe bay kat dènye chif Nimewo Sekirite Sosyal ou. Elektè ki pa gen ni youn ni lòt dwe ekri "NONE" (OKENN) nan espas sa a.

**7. Chwazi yon Pati.** Ou dwe enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a (amwenske yon pati politik pèmèt sa).

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Kite la vid.

**9. Siyati.** Pou enskri nan Maine ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan legal Maine ansanm ak minisipalite ou vle vote a
- gen omwen 17 tan (ou dwe gen 18 tan oswa plis pou w ka vote)

## Adrès postal:

Elections Division  
Bureau of Corporations,  
Elections and Commissions  
101 State House Station  
Augusta, ME 04333-0101

## Maryland

Mizajou: 10-10-2021

**Dat Limit pou Enskripsiyan -**  
Enskripsiyan an pèsòn jiska 5:00 p.m., enskripsiyan sou entènèt jiska

# Enstriksyon Eta yo:

11:59 p.m., oswa kachè lapòs 21 jou anvan eleksyon an.

**6. Nimewo ID.** Si ou pa genyen yon pemi kondwi nan Maryland oswa yon kat Idantifikasiyon MVA ki valid, ou dwe antre 4 dènye chif nimewo sekirite sosyal ou an. Otorite legal ki pèmèt responsab yo mande 4 dènye chif nimewo sekirite sosyal ou an se Atik sou Lwa Elektoral la, § 3-202. Yo pral itilize nimewo a sèlman pou enskripsyon ak lòt rezon administratif. Li pral rete konfidansyèl.

**7. Chwazi yon Pati.** Ou dwe enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Kite la vid.

**9. Siyati.** Pou enskri nan Maryland ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan Maryland
- dwe genyen omwen 16 lane\*
- pa dwe sou titèl pou andikap mantal oswa si se sa, yon tribunal pa te detèmine ou pa anmezi pou kominike yon dezi pou voye
- yo pa te kondane ou paske ou t ap achte oswa vann vòt
- yo pa te kondane ou pou yon krim, oswa si ou sa te rive, ou te fin sèvi pèn prizon yon tribunal te bay, tankou nенpòt ki liberasyon kondisyonèl oswa pwobasyon pou kondanasyon an.

\*Ou kapab enskri pou vote si ou genyen omwen 16 lane men ou pa ka vote sof si ou pral genyen omwen 18 lane nan pwochen eleksyon jeneral la.

## Adrès postal:

State Board of Elections  
P.O. Box 6486  
Annapolis, MD 21401-0486

## Massachusetts

Mizajou: 09-03-2019

**Dat Limit pou Enskripsiyon - 20**  
jou anvan eleksyon an.

**6. Nimewo Idantifikasiyon.** Lwa federal mande pou ou bay nimewo lisans chofè ou pou enskri pou vote. Si ou pa gen yon lisans chofè ki ajou ak valid pou Massachusetts, ou dwe bay kat (4) dènye chif nimewo sekirite sosyal ou. Si ou pa gen ni youn ni lòt, ou dwe ekri "NONE" (OKENN) nan bwat la epi y ap ba ou yon nimewo idantifikasiyon inik.

**7. Chwazi yon Pati.** Si ou pa chwazi yon pati politik nan bwat sa a, yo pral enskri ou kòm yon moun k pa enskri, ki se sa yo rele souvan endepandan an. Elektè ki pa gen enskri yo ka patisipe eleksyon primè pati yo.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Kite la vid.

**9. Siyati.** Pou enskri nan Massachusetts ou dwe:  

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan Massachusetts
- gen omwen 16 lane (dwe gen 18 tan pou vote nan Jou Eleksyon an)
- yo pa te kondane ou pou magouy nan eleksyon
- pa sou gad legal pou zafè vote
- pa nan prizon pou yon kondanasyon pou krim nan moman an

## Adrès postal:

Secretary of the Commonwealth  
Elections Division, Room 1705  
One Ashburton Place  
Boston, MA 02108

## Michigan

Mizajou: 11-07-2019

**Dat Limit pou Enskripsiyon - Dat** ki sou anvlòp lapòs la dwe omwen 15 jou anvan eleksyon an; oswa ou dwe depoze li fas-a-fas nan grefye vil oswa vilaj ou a avan 8 p.m. nan Jounen Eleksyon an. Si w ap enskri 14 oswa pi piti avan yon eleksyon, ou dwe bay verifikasyon rezidans pou ou kalifye pou eleksyon sa a.

**6. Nimewo Idantifikasiyon.** Fòm enskripsiyon elektè ou ranpli a dwe gen nimewo lisans chofè oswa nimewo idantifikasiyon eta ou te ba ou.= oswa nimewo kat idantifikasiyon pèsonèl eta ou a te ba ou. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa kat idantifikasiyon pèsonèl eta ou te ba ou, ou dwe mete kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa kat idantifikasiyon pèsonèl eta ou te ba ou, oswa yon nimewo sekirite sosyal, tanpri ekri "NONE" (OKENN) sou fòm nan. Eta a ap ba ou yon nimewo idantifikasiyon inik.

**7. Chwazi yon Pati.** Ou pa oblige "chwazi yon pati" pou enskri pou vote.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Kite la vid.

**9. Siyati.** Pou enskri nan Michigan ou dwe:  

- yon sitwayen peyi Etazini
- gen 18 tan avan pwochen eleksyon an
- se yon rezidan nan Michigan ak omwen yon rezidan 30 jou nan vil oswa vilaj la nan jou eleksyon an
- pa dwe nan prizon apre yo te kondane ou ak ba ou pèn ou

# Enstriksyon Eta yo:

**Avi:** LSi yon elektè gen yon lisans pou kondwi (DL) oswa yon ID pèsonèl (PID) Michigan, lwa Michigan egzije pou yo itilize **menm adrès la pou enskripsyon elektè ak pou zafè DL/PID.** Lè ou sèvi ak fòm sa a, li pral chanje adrès DL / PID ou tou. Sekretè Deta a pral voye yon nouvo kolan adrès ba ou pou DL/PID ou a.

## Adrès postal:

Poste oswa depoze aplikasyon ranpli sa a dirèkteman bay vil oswa vilaj ou. Jwenn grefye vil oswa vilaj ou nan [Michigan.gov/Vote](http://Michigan.gov/Vote). Si ou pa kapab jwenn adrès grefye vil oswa vilaj ou a, voye l pa lapòs nan:  
Michigan Department of State  
Bureau of Elections  
P.O. Box 20126  
Lansing, MI 48901-0726

## Minnesota

Mizajou: 12-31-2008

### Dat Limit pou Enskripsyon

- Livre anvan 5:00 pm 21 jou avan elekson an (epitou gen enskripsyon nan jou elekson an nan biwo vòt yo).

**6. Nimewo Idantifikasiyon.** Ou oblige bay lisans nimewo lisans chofè Minnesota ou a oswa nimewo idantifikasiyon eta a pou enskri pou vote. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa idantifikasiyon eta Minnesota, w ap bezwen bay kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou. Si ou pa gen ni youn ni lòt, tanpri ekri "none" (okenn) sou fòm lan.

**7. Chwazi yon Pati.** Kite la vid.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Kite la vid.

**9. Siyati.** Pou enskri nan Minnesota ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- t ap viv nan Mississippi ak nan konte ou a (ak vil la, si sa awopriye) 30 jou anvan elekson ou vle vote ladan an

- gen 18 tan anvan elekson jeneral ou vle vote a

- yon rezidan Minnesota pou omwen 20 jou anvan pwochen elekson an
- kenbe rezidans nan adrès ou bay sou fòm enskripsiyan an
- gen omwen 18 tan jou elekson an
- si yo te deja kondane ou pou yon krim, pèn pou krim ou an te deja ekspire oswa li te fini, oswa yo te anile pèn nan.
- pa dwe anba yon ga legal tribunal kote yo te anile dwa ou pou vote
- yon tribunal pa te twouve ou "andikape mantalman" pou vote

- yo pa te kondane ou paske ou te touye moun, fè kadejak sou moun, fè zak koripsyon, boule pwopriyete, fè magouy pou jwenn lajan oswa machandiz, bay manti, bay fo temwayaj, falsifye dokiman, vòlè moun ak zam, ekstòsyon, bay fo chèk, vòlè nan magazen, vòlè bagay moun, resevwa pwopriyete yo te vòlè, kase kay moun, pran yon machin yon fason ilegal, vyòl, vòlè machin, oswa bigami, oswa yo te retabli dwa ou yo selon lalwa
- yo pa te deklare ou andikape mantalman nan yon tribunal

## Adrès postal:

Secretary of State  
60 Empire Drive, Suite 100  
St. Paul, MN 55103-1855

## Mississippi

Mizajou: 05-07-2010

**Dat Limit pou Enskripsiyan** - 30 jou anvan elekson an.

**6. Nimewo Idantifikasiyon.** Ou oblige bay nimewo lisans chofè ou ajou ak valid ou oswa, si ou pa gen youn, kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou.

**7. Chwazi yon Pati.** Mississippi pa gen enskripsiyan nan pati politik. Donk, ou pa oblige enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan elekson primè pati sa a.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Kite la vid.

**9. Siyati.** Pou enskri nan Mississippi ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- t ap viv nan Mississippi ak nan konte ou a (ak vil la, si sa awopriye) 30 jou anvan elekson ou vle vote ladan an
- gen 18 tan anvan elekson jeneral ou vle vote a

*Remak:* Lwa eta ki te chanje ak lòd tribal federal an 1998 epi lejislasyon eta a an 200. Kounye a nou aksepte fòm lan kòm enskripsiyan pou vote pou tout biwo eta ak biwo federal.

## Adrès postal:

Secretary of State  
P.O. Box 136  
Jackson, MS 39205-0136

## Adrès konte lokal yo:

Ou ka remèt aplikasyon ranpli ou a bay grefye konte/biwo enskripsiyan kote w abite a. Gen yon lis konplè nan grefye konte / biwo enskripsiyan ki disponib sou sitwèb Mississippi a nan [www.sos.ms.gov](http://www.sos.ms.gov).

## Missouri

Mizajou: 09-12-2006

**Dat Limit pou Enskripsiyan** - 28 jou anvan elekson an.

**6. Nimewo Idantifikasiyon.** Fòm enskripsiyan elektè ranpli ou a dwe gen nimewo lisans chofè eta ou te ba ou. Fòm enskripsiyan elektè ranpli ou a dwe gen kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou tou.

## Enstriksyon Eta yo:

(Seksyon 115.155, RSMo). Si ou pa gen yon lisans chofè oswa yon nimewo sekirite sosyal, tanpri ekri "NONE" (OKENN) sou fòm nan. Eta a ap ba ou yon nimewo idantifikasyon inik. Nenpòt medya elektwonik, enprime oswa lèt lèt yo bay anba seksyon sa a pa dwe gen nimewo telefòn ak nimewo sekirite sosyal elektè yo. (Seksyon 115.157, RSMo).

**7. Chwazi yon Pati.** Ou pa oblige enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon prensipal pati sa a.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Kite la vid.

**9. Siyati.** Pou vote nan Missouri ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan Missouri
- gen omwen 17 tan edmi (ou dwe gen 18 tan pou vote)
- pa dwe sou pwobasyon oswa liberasyon kondisyonèl pou yon krim, jiskaske yo retire pwobasyon oswa liberasyon kondisyonèl sa a
- yo pa te kondane o pou on krim ki gen pou wè ak dwa pou vote
- yo pa te jije ou gen andikap mantal nan okenn tribal
- pa dwe prizon poutèt yon pèn prizon

### Adrès postal:

Secretary of State  
P.O. Box 1767  
Jefferson City, MO 65102-1767

## Montana

Mizajou 03-15-2022

### Dat Limit Enskripsyon an —

Enskripsiyo regliye yo fèmen 30 jou anvan eleksyon an. Yon fiti elektè kapab enskri oswa chanje enfòmasyon resan elektè a aprè fèmti enskripsiyo an epi vin elijib pou vote nan eleksyon an si administratè eleksyon nan konte

kote elektè a rezide a resevwa epi verifye enfòmasyon sou enskripsiyo elektè a anvan midi nan jou anvan eleksyon an.

**6. Nimewo ID.** Ou dwe bay swa yon nimewo Pèmi kondwi Montana (MT) ou an, nimewo kat idantifikasyon (ID) MT a, oswa 4 dènye chif nimewo Sekirite Sosyal ou an (SSN).. Si ou pa anmezi pou bay fòmilè idantifikasyon ki mansyone anwo a, ou ka bay yon paspò Etazini, kat ID tribal Montana, kat ID militè, oswa pemi pòdam disimile lè w ap enskri; oswa soumèt yon idantifikasyon ki gen foto, ki genyen ladan, men pa limite ak, yon idantifikasyon foto edikasyon aprè lekòl segondè oswa yon idantifikasyon foto distri lekòl la ki genyen non w sou li, ak yon aktyèl fakti sèvis publik, relve bankè, chèk peman, chèk gouvenman an, oswa lòt dokiman ki montre non w ak aktyèl adrès ou \*Pou jwenn enfòmasyon sou ID enskripsiyo elektè ou an, tanpri vizite <https://sosmt.gov/voter-id/voter-registration-id-options/>

**7. Chwazi yon Pati.** Montana pa mande pou w enskri ak pati pou patisipe nan nenpòt ki eleksyon.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Kite la vid.

**9. Siyati.** Pou enskri nan Montana ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- gen 18 tan nan jou eleksyon lan oswa avan jou sa a
- yon rezidan legal Montana ansanm ak konte ou vle vote a pou omwen 30 jou anvan pwochen eleksyon an
- pa nan prizon pou yon kondanasyon pou krim
- yon tribal pa te detèmine ou tèt ou pa la nan moman an

- satisfè kalifikasyon sa yo anvan jou eleksyon k ap vini an si ou pa satisfè yo kounye a

### Adrès lapòs:

Voye fòmilè enskripsiyo ou ranpli a bay biwo eleksyon konte lokal ou an. Ou ka jwenn enfòmasyon pou kontakte konte a sou sit entènèt Sekretè Eta Montana a: [Election-Officials-Master-Email-List@sosmt.gov](mailto:Election-Officials-Master-Email-List@sosmt.gov). Si ou genyen difikilte pou jwenn biwo eleksyon konte ou an, kontakte Sekretè Eleksyon Eta Montana a ak Divizyon Sèvis pou Elektè a pou jwenn asistans nan (888) 884-8683 oswa (406) 444-9608, oswa voye yon imèl bay [soselections@mt.gov](mailto:soselections@mt.gov). (Remak: Ou ka voye enskripsiyo yo bay biwo Sekretè Eta Montana a, sepan dan, pou evite reta potansyèl, nou rekòmande pou ou retounen aplikasyon enskripsiyo elektè ou te ranpli a direkteman bay biwo eleksyon konte ou an.)

Secretary of State's Office  
P.O. Box 202801  
Helena, MT 59620-2801

## Nebraska

Mizajou: 03-08-2018

**Dat Limit pou Enskripsiyo —** Twazyèm vandredi anvan eleksyon an (oswa libre anvan 6 pm nan dezyèm vandredi anvan eleksyon an).

**6. Nimewo Idantifikasyon.** Ou dwe bay nimewo lisans chofè Nebraska ou an. Si ou pa gen yon nimewo lisans chofè Nebraska, w ap bezwen bay KAT DÈNYE CHIF NIMEWO SEKIRITE SOSYAL OU.

**7. Chwazi yon Pati.** Ou dwe enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a.

## Enstriksyon Eta yo:

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Kite la vid.

**9. Siyati.** Pou enskri nan Nebraska ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan Nebraska
- gen 18 tan oswa pral gen 18 tan premye madi apre premye lendi mwa novanm nan oswa avan sa
- pa yo te kondane ou ou yon krim, oswa si yo kondane ou, sa fè omwen de (2) zan depi ou te fini ak pèn ou pou krim nan, tankou nenpòt ki liberasyon kondsyonèl
- yo pa te twouve ou andikape mantalman yon fason ofisyèl

### Adrès postal:

Nebraska Secretary of State  
Suite 2300, State Capitol Bldg.  
Lincoln, NE 68509-4608

### Nevada

Mizajou: 05-01-20

**Dat Limit pou Enskripsyon-** Dat limit pou enskripsyon elektè pa lapòs oswa an pèsòn se katriyèm madi anvan nenpòt eleksyon primè oswa jeneral. Se avan dat sa a: (1) ki sipoze sou anvlòp moun nan voye enskripsyon elektè a pa lapòs a; oswa (2) yon moun dwe prezante an pèsòn nan biwo Grefye Konte / Rejis Elektè a. Dat limit pou enskripsyon elektè nan [www.RegisterToVoteNV.gov](http://www.RegisterToVoteNV.gov) la se jedi avan eleksyon primè oswa jeneral la. Elektè kalifye ki manke dat enskripsyon elektè yo ka enskri pou vote an pèsòn nan biwo vòt swa pandan vòt bonè a oswa jou eleksyon an.

### 6. Nimewo Idantifikasyon.

Ou dwe bay nimewo lisans chofè Nevada oswa nimewo idantifikasyon Nevada ou si DMV te ba ou youn. Si ou pa gen

yon lisans chofè oswa yon kat idantifikasiyon Nevada, ou dwe bay kat dènye chif Nimewo Sekirite Sosyal ou. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa kat idantifikasiyon valid Nevada oswa yon Nimewo Sekirite Sosyal, tanpri kontakte Grefye Konte/Biwo Enskripsyon Elektè ou a pou yo ka ba ou yon nimewo idantifikasiyon inik.

**7. Chwazi yon Pati.** Ou dwe enskri ak yon gwo pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a. Si ou enskri ak yon ti pati politik oswa kòm yon moun ki san pati, ou pral resevwa yon bilten vòt moun ki san pati pou eleksyon primè a.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Kite la vid.

**9. Siyati.** Pou enskri nan Nevada ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini;
- Gen 18 tan nan dat pwochen eleksyon lan oswa avan jou sa a;
- Te abite nan Eta Nevada, nan konte ou a, regilyèman pandan omwen 30 jou ak nan sikonsipsyon ou a pandan omwen 10 jou anvan pwochen eleksyon an
- Pa ka nan prizon pou yon kondanasyon krim nan moman an;
- Yon tribinal pa te detèmine ou andikape mantalman; epi
- Pa reklame okenn lòt kote pou rezidans legal ou.

### Enskripsiyon Davans pou Moun

**17 Tan yo** - Yon moun ki gen 17 tan oswa plis, men ki poko gen 18 tan epi ki satisfè tout lòt kalifikasyon pou vote nan Nevada ka enskri davans pou vote ak nenpòt nan mwayen yo ki disponib pou yon moun enskri pou vote. Yon moun ki enskri davans pou vote ap vin otomatikman yon elektè ki enskri jou anivèsè 18 tan li.

**Kondanasyon pou Krim-** Nenpòt rezidan Nevada yo kondane pou yon krim ap rejwenn dwa li pou vote kou moun sa a soti nan prizon. P ap gen okenn preyòd ou tann epi moun nan p ap bezwen fè anyen pou sa. Restorasyon dwa pou vote otomatik epi moun nan jwenn menm lè li soti nan prizon, kelkeswa kategori krim moun nan te komèt la oswa si moun nan toujou nan libète kondisyonèl oswa pwobasyon. Ou ka jwenn plis enfomasyon konsènan restorasyon dwa pou yo sou sit sitwèb Sekretè Deta Nevada a nan: [www.nvsos.gov](http://www.nvsos.gov).

### Adrès postal:

Secretary of State Elections  
Division  
101 North Carson Street, Suite 3  
Carson City, NV 89701-4786

Ou ka retounen aplikasyon yo nan biwo Sekretè Deta a nan adrès ki anwo a, men pou evite reta, yo rekòmande ou pou w retounen aplikasyon enskripsiyon elektè ou a dirèkteman nan biwo eleksyon konte lokal ou a.

**Adrès konte lokal yo:** Pou satisfè dat limit pou enskripsiyon yo, espesyalman pandan de (2) semèn anvan dat limit pou enskripsiyon elektè a, ou ta dwe retounen aplikasyon pou enskripsiyon elektè ranpli ou a bay Grefye Konte/Biwo Enskripsiyon Elektè ou a. Gen yon lis konplè Grefye Konte ak Biwo Enskripsiyon Elektè yo disponib sou sitwèb Sekretè Deta Nevada a: [www.nvsos.gov](http://www.nvsos.gov).

# Enstriksyon Eta yo:

## New Hampshire

Mizajou: 03-01-2006

**Dat Limit pou Enskripsyon** — Vil ak vil grefye New Hampshire yo ap aksepte aplikasyon sa a sèlman kòm yon demann pou elektè ki pa ka vini nan biwo vòt la ki voye fòm enskripsyon an pa lapòs, epi grefye vil ou a dwe resevwa li nan 10 jou oswa pi piti anvan elekson an.

Vil ak vil grefye New Hampshire yo ap aksepte aplikasyon sa a sèlman kòm yon demann pou elektè ki pa ka vini nan biwo vòt la ki voye fòm enskripsyon an pa lapòs. Ou bezwen ranpli sèlman Bwat 1 ak Bwat 2 oswa 3.

W ap bezwen voye li pa lapòs ba grefye minisipal nan kòd postal ou a. W ap jwenn adrès so sou sitwèb Sekretè Deta a nan [www.state.nh.us/sos/clerks.htm](http://www.state.nh.us/sos/clerks.htm)

W ap bezwen poste li yon bon kout tan davans pou grefye minisipal ou a ka poste pwòp fòm yo ba ou ak pou ou retounen fòm nan bay yo nan 10 jou anvan elekson an.

## New Jersey

Mizajou: 03-28-2008

**Dat Limit pou Enskripsyon** - 21 jou anvan elekson an.

**6. Nimewo Idantifikasyon.** Kat dènye chif nimewo Sekirite Sosyal ou se nimewo lisans chofè New Jersey ou pou enskripsyon elektè. Si ou pa gen okenn nan nimewo sa yo, tanpri ekri "NONE" (OKENN) sou fòm lan. Eta a ap ba ou yon nimewo yo pral sèvi pou idantifye ou pou zafè enskripsyon elektè.

**7. Chwazi yon Pati.** Fòm enskripsyon elektè New Jersey a pa bay posiblite pou chwazi yon pati pati politik. Yon elektè ki fèk enskri oswa elektè ki te pa janm vote nan yon elekson primè pou yon pati pati politik ka deklare afilyasyon li ak yon pati nan biwo vòt la nan jou yon elekson primè. Nan New Jersey, yon elekson primè fèt sèlman pou pati Demokratik ak Repiblik yo. Yon elektè ka depoze yon fòm deklarasyon pati politik tou pou li ka vin manm yon pati politik. Si yon elektè deklare ta vle chanje afilyasyon pati, l ap bezwen ranpli yon fòm deklarasyon 50 jou anvan elekson primè a, pou vote.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Kite la vid.

**9. Siyati.** Pou enskri nan New Jersey ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- gen omwen 18 tan nan tan pwochen elekson an
- yon rezidan Eta a ak konte adrès ou a pou omwen 30 jou anvan pwochen elekson an
- pa dwe ap sèvi yon pèn oswa liberasyon kondisyonèl oswa pwobasyon paske yo te kondane ou pou nenpòt ki ofans sou lwa eta sa a oswa yon lòt eta oswa peyi Etazini

### Adrès postal:

New Jersey Department of Law  
and Public Safety  
Division of Elections  
PO BOX 304  
Trenton, NJ 08625-0304

## New Mexico

Mizajou: 03-01-2006

**Dat Limit pou Enskripsyon** - 28 jou anvan elekson an.

**6. Nimewo Idantifikasyon.** W ap bezwen bay tout nimewo sekirite sosyal ou. Kat enskripsyon sa a ki gen nimewo sekirite sosyal ou a ap vin yon pati dosye enskripsyon elektè pèmanan nan lokalite ou an, ki louvri pou enspeksyon publik la nan biwo grefye konte a. Sepandan, nimewo sekirite sosyal ou ak dat nesans la ap rete konfidansyèl epi yo p ap pataje li ak publik la. Lis elektwonik ak enfòmasyon limite sou enskripsyon elektè yo (san nimewo sekirite sosyal oswa dat nesans) disponib pou publik jeneral la, epi n ap ba yo si yo mande bay moun ki gen pòs elekson, kandida, pati politik, tribunal, ak òganizasyon charite k ap ankouraje patisipasyon ak enskripsyon elektè, sèlman pou rezon politik (\$1-5-19B, NMSA 1978).

**7. Chwazi yon Pati.** Ou dwe enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan elekson primè pati sa a.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Kite la vid.

**9. Siyati.** Pou enskri nan New Mexico ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan Eta New Mexico
- gen 18 tan lè pwochen elekson lan

- yo pa te refize dwa mwen pou vote nan yon tribunal pou rezon andikap mantal epi, si yo te kondane mwen pou yon krim, mwen te satisfè tout kondisyon pou pwobasyon oswa liberasyon kondisyonèl la, mwen te sèvis tout pèn nan oswa Gouvènè a te akòde mwen padon.

### Adrès postal:

Bureau of Elections  
325 Don Gaspar, Suite 300  
Santa Fe, NM 87503

# Enstriksyon Eta yo:

## New York

Mizajou: 01-17-2023

**Dat Limit pou Enskripsyon** - 10 jou anvan eleksyon an.

**6. Nimewo Idantifikasyon.** Lwa federal mande pou ou bay nimewo lisans chofè ou pou enskri pou vote. Si ou pa gen yon lisans chofè, w ap bezwen bay omwen kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou. Si ou pa gen ni youn ni lòt, tanpri ekri "NONE" (OKENN) sou fòm lan. Eta ou ap ba ou yon nimewo idantifikasyon inik pou w ka enskri pou vote.

**7. Chwazi yon Pati.** Ou dwe enskri ak yon pati si ou vle vote nan eleksyon primè pati sa a.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Kite la vid.

**9. Siyati.** Pou enskri nan New York ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan nan konte a, oswa Vil New York, pou omwen 30 jou anvan dat eleksyon an
- gen omwen 18 lane (ou ka enskri davans si ou gen 16 oswa 17 lane men ou pa ka vote jiskaske ou gen 18 lane)
- pa nan prizon pou yon kondanasyon pou krim
- yon otorite jidisyè pa te deklare ou andikape mantalman nan moman an
- pa reklame dwa pou vote yon lòt kote

### Adrès postal:

NYS Board of Elections  
40 North Pearl Street, Suite 5  
Albany, NY 12207-2729

## North Carolina

Mizajou: 03-01-2006

**Dat Limit pou Enskripsyon** - Dat ki sou anvlop ou voye li pa lapòs la dwe 25 jou avan eleksyon an oswa nou dwe resevwa li nan biwo eleksyon an oswa ajans enskripsyon elektè yo chwazi a anvan 5:00 pm 25 jou anvan eleksyon an.

**6. Nimewo Idantifikasyon.** Bay nimewo lisans chofè North Carolina ou a, oswa nimewo idantifikasyon Depatman Veyikila-Motè North Carolina. Si ou pa gen yon lisans chofè, ou dwe bay kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou.

**7. Chwazi yon Pati.** Ou dwe enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a, amwenske li pèmèt elektè ki pa afilye ak li yo vote nan eleksyon primè li. Si ou endike yon pati politik ki pa yon pati ki kalifye, oswa ou pa endike okenn pati, yo pral enskri ou kòm "Pa Afilye".

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Ou oblige ranpli bwat sa a. Sepandan, yo p ap refize aplikasyon ou a si ou pa te fè sa. Gade lis chwa yo ki anba Enstriksyon Aplikasyon an pou bwat 8 la (nan paj 2).

**9. Siyati.** Pou enskri nan North Carolina ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan North Carolina ak konte ou abite a pou omwen 30 jou anvan dat eleksyon an
- gen 18 tan nan jou pwochen eleksyon jeneral la
- yo te retabli dwa sitwayènte ou yo si yo te kondane ou pou yon krim
- pa dwe enskri oswa vote nan okenn lòt konte oswa eta

## Adrès postal:

State Board of Elections  
P.O. Box 27255  
Raleigh, NC 27611-7255

## North Dakota

Mizajou: 03-01-2006

North Dakota pa gen enskripsyon elektè.

## Ohio

Mizajou: 03-01-2006

**Dat Limit pou Enskripsyon** - 30 jou anvan eleksyon an.

### 6. Nimewo Idantifikasyon.

W ap bezwen bay nimewo sekirite sosyal ou. Se si w vle ou bezwen bay nimewo sa a. Enfòmasyon sa a pèmèt Komisyon Eleksyon yo verifye enskripsyon ou si sa nesesè (ORC 3503.14). [Lwa federal mande pou ou bay nimewo lisans chofè ou pou enskri pou vote. Si ou pa gen yon lisans chofè, w ap bezwen bay omwen kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou. Si ou pa gen ni youn ni lòt, w ap bezwen ekri "NONE" (OKENN) sou fòm lan epi Eta a ap ba ou yon nimewo.]

**7. Chwazi yon Pati.** Ou pa oblige enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a. Yo pral etabli afilyasyon ou ak yon pati nan yon eleksyon primè.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Kite la vid.

**9. Siyati.** Pou enskri nan Ohio ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan Ohio
- gen 18 tan nan jou eleksyon an oswa avan jou sa a Si ou pral gen 18 tan nan jou eleksyon primè a oswa anvan sa, ou pral vote nan

# Enstriksyon Eta yo:

eleksyon primè pou kandida sèlman an.

- pa ap sèvi yon pèn pou yon kondanasyon pou krim epi pa nan prizon nan moman an
- yon tribinal pa te detèmine ou andikape mantalman pou zafè vote

## Adrès postal:

Secretary of State of Ohio  
Elections Division  
180 E. Broad Street — 15th  
Floor  
Columbus, OH 43215

## Oklahoma

Mizajou 03-15-2022

Dat Limit pou Enskripsyon - 25 jou anvan eleksyon an.

**6. Nimewo ID.** Ou dwe bay swa yon nimewo pèmi kondwi Oklahoma, nimewo kat idantifikasiyon eta a, oswa kat dènye chif nimewo Sekirite Sosyal ou an.

**7. Chwa Pati.** Ou dwe enskri avèk yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a. Yon lis resan pati politik ke yo rekonèt nan Oklahoma a disponib sout sit entènèt Komisyón Eleksyon Eta Oklahoma a. Elektè ki enskri ki pa afilye ak okenn pati kapab otorize pa pati ke yo rekonèt yo pou patisipe nan eleksyon primè yo selon pati a sèlman. W ap jwenn yon lis pati politik yo rekonèt yo ki pèmèt elektè ki pa afilye ak okenn pati pou vote nan eleksyon primè yo nan: <https://oklahoma.gov/elections/voter-registration/political-party-info.html>.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Kite la vid.

**9. Siyati.** Pou enskri pou vote nan Oklahoma ou dwe:

• Ou dwe yon sitwayen Etazini ak yon rezidan Eta Oklahoma.

- Ou dwe genyen omwen 18 lane nan dat eleksyon an oswa nan dat pwochen eleksyon an. Ou kapab enskri alavans si ou genyen omwen 17 ½ lane, men enskripsyon elektè ou an p ap aktive jiskaske ou genyen 18 lane.

- Si yo kondane ou pou yon krim, ou dwe te fini pèn ou an konplètman nan jou kalandriye tribinal te òdone a, ki genyen ladan tout tèm anprizònman, liberasyon kondisyonèl, oswa sipèvizon, oswa te fini yon peryòd pwobasyon ke nenpòt tribinal te òdone.
- Ou dwe kounye a ou pa sou jijman pou moun ki gen andikap mantal, oswa yon moun ki gen yon andikap mantal an pati yo entèdi enskri pou vote

- Kandida a dwe siyen aplikasyon yo epi li dwe mete dat sou li. Siyati a dwe orijinal, ekri otograf oswa mak alamen kandida a. Okenn faksimile, repwodiksyon, daktilografi, oswa lòt siyati ranplasan, otograf oswa mak p ap valid. Sa kont lalwa pou siyen yon Aplikasyon Enskripsyon Elektè nan Oklahoma nan non yon lòt moun.

## Adrès postal:

Oklahoma State Election Board  
Box 528800  
Oklahoma City, OK 73152-8800

Epitou ou ka ranpli yon aplikasyon sou entènèt pou elektè, pandan w ap itilize Pòtay OK Voter a "wizard": <https://okvoterportal.okelections.us/Home/RegWizard> (Aplikasyon yo dwe enprime, siyen, epi voye pa lapòs oswa livre dirèkteman bay Komisyón ELEksyon Eta a oswa konte ou an pou fini pwosesis la.)

## Oregon

Mizajou: 10-10-2021

Dat Limit pou Enskripsyon - 21 jou anvan eleksyon an.

**6. Nimewo ID.** Pou kapab elijib pou vote nan eleksyon Oregon yo, ou dwe bay yon Pemi Kondwi, yon nimewo Pemi oswa yon nimewo Idantifikasiyon ki valid nan Oregon. Si ou pa genyen yon Idantifikasiyon ke Oregon ba w, kidonk ou pral oblige bay omwen kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou an. Si ou pa genyen youn nan yo, ou pral bezwen ekri "NONE" nan fòmilè a.

**7. Chwa Pati.** Nan anpil ka, ou dwe enskri avèk yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a. Si ou pa yon manm nan yon pati oswa si espas sa a rete vid, ou pral enskri kòm yon elektè ki pa afilye.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Kite la vid.

**9. Siyati.** Pou enskri nan Oregon ou dwe:

- yon sitwayen Etazini
- yon rezidan nan Oregon
- epi genyen omwen 16 lane lè w ap enskri a. Si ou poko genyen 18 lane, ou p ap resevwa biltén jiskaske genyen yon eleksyone nan dat 18yèm anivèsè ou an oswa aprè.

## Adrès postal:

Oregon Elections Division  
Batiman Sèvis Piblik,  
Suite 501  
255 Capital St. NE  
Salem, OSWA 97310

Enskri oswa fè chanjman nan enskripsiyon ou an sou entènèt — [www.oregonvotes.gov.3](http://www.oregonvotes.gov.3)

# Enstriksyon Eta yo:

## Pennsylvania

Mizajou: 05-01-2020

**Dat Limit pou Enskripsyon - 15**  
jou anvan yon eleksyon oswa primè a.

**6. Nimewo Idantifikasiyon.** Ou dwe bay yon Nimewo Lisans Chofè, si ou gen youn. Si ou pa gen yon Nimewo Lisans Chofè, ou dwe bay kat dènye chif Nimewo Sekirite Sosyal ou. Si ou pa gen okenn pyès idantite, tanpri ekri "OKENN" nan bwat la.

**7. Chwazi yon Pati.** Ou dwe enskri ak yon gran pati politik si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Nou mande pou ou ranpli bwat sa a. Gade lis chwa yo ki anba Enstriksyon Aplikasyon an pou bwat 8 la (nan paj 2).

**9. Siyati.** Pou enskri nan Pennsylvania ou dwe:  
• yon sitwayen peyi Etazini omwen yon mwa anvan jou eleksyon an  
• Fè yon rezidan nan Pennsylvania ak distri eleksyon ou a pou omwen 30 jou anvan eleksyon an  
• gen omwen 18 tan nan jou pwochen eleksyon an

### Adrès postal:

Office of the Secretary of the Commonwealth  
210 North Office Bldg.  
Harrisburg, PA 17120-0029

Epi ou ka enskri sou entènèt tou nan [register.votespa.com](http://register.votespa.com).

## Rhode Island

Mizajou: 09-03-2019

**Dat Limit pou Enskripsyon - 30**  
jou anvan eleksyon an.

### 6. Nimewo Idantifikasiyon.

Aplikan an ap oblige bay nimewo lisans chofè oswa ID eta Rhode Island li si li gen yon lisans chofè oswa ID Eta Rhode Island ki ajou. Si yon aplikian pa gen yon lisans chofè ki ajou ak valab, li dwe bay kat (4) dènye chif nimewo sekirite sosyal li. Yon aplikian ki pa gen ni youn ni lòt ap jwenn yon nimewo idantifikasiyon inik nan men Eta Rhode Island.

**7. Chwazi yon Pati.** Nan Rhode Island, ou dwe enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a. Yon moun ki pa enskri avèk yon pati lè enskripsyon an ka, si li chwazi, enskri ak yon pati nan jou eleksyon primè yon pati nan jou eleksyon primè pati sa a epi patisipe nan eleksyon primè pati sa a. Si yon moun pa enskri ak yon pati, li ka toujou vote nan eleksyon jeneral ak eleksyon primè ki pa pou okenn pati.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Kite la vid.

**9. Siyati.** Pou enskri nan Rhode Island ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan Rhode Island pou omwen 30 jou anvan pwochen eleksyon an
- gen omwen 16 lane (dwe gen 18 tan pou vote nan Jou Eleksyon an)
- pa nan prizon pou yon krim nan moman an
- yo pa te jije ou andikape mantalman nan yon tribinal

### Adrès postal:

Rhode Island State Board of Elections  
50 Branch Ave.  
Providence, RI 02904-2790

## South Carolina

Mizajou: 5-1-2021

**Dat limit Enskripsyon - 30**  
jou anvan eleksyon an.

**6. Nimewo ID.** Ou dwe bay omwen kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou an. Ou kapab bay tout nimewo sekirite sosyal ou an si w vle fè sa. Nimewo sekirite sosyal la pa afiche sou okenn rapò ki pwodwi pa Komisyón Eleksyon Eta a ni li pa piblilye bay okenn moun ki pa otorize. (Tit Kawolin Disid 7-5-170)

**7. Chwazi yon Pati.** Ou pa oblige enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Ou oblige ranpli bwat sa a. Yo ka refize aplikasyon ou a si ou pa te fè sa. Gade lis chwa yo ki anba Enstriksyon Aplikasyon an pou bwat 8 la (nan paj 2).

**9. Siyati.** Pou enskri nan South Carolina ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- gen omwen 18 tan nan jou pwochen eleksyon an oswa anvan jou sa a
- yon rezidan South Carolina, konte ak sikonsipsyon ou a
- pa dwe nan okenn prizon piblik poutèt kondanasyon pou yon krim
- yo pa te janm kondane ou pou yon gwo krim oswa ofans kont lwa eleksyon, oswa si yo te kondane ou, ou te sèvi tout pèn ou, ak pwobasyon avèk liberasyon kondisyonèl ladan, oswa yo te padonnen ou pou kondanasyon an

# Enstriksyon Eta yo:

- pa dwe anba yon lòd tribunal deklare ou andikape mantalman
- reklame adrès ki sou aplikasyon an kòm sèl rezidans legal ou epi ou pa reklame okenn lòt kote pou rezidans legal ou

## Adrès postal:

State Election Commission  
P.O. Box 5987  
Columbia, SC 29250-5987

## South Dakota

Mizajou: 10-10-2021

**Dat Limit pou Enskripsyon -**  
Resewwa 15 jou anvan eleksyon an.

**6. Nimewo ID.** Tout moun k ap enskri pou vote dwe bay nimewo pemi kondwi moun nan oswa yon nimewo idantifikasiyon non-kondiktè nan Sid Dakota ki valid nan fòmilè enskripsiyon elektè a. Si yon moun pa genyen yon pemi kondwi moun nan oswa yon nimewo idantifikasiyon non-kondiktè Sid Dakota ki valid, moun nan dwe bay kat dènye chif nan fòmilè enskripsiyon moun nan. Si yon moun pa genyen yon nimewo sekirite sosyal ki valid nan Sid Dakota, yon nimewo idantifikasiyon non-kondiktè nan Sid Dakota oswa yon nimewo sekirite sosyal, moun sa a kapab sèlman enskri nan biwo oditè konte a epi dwe siyen yon deklarasyon ki verifye lefètke moun sa a pa genyen yon pemi kondwi nan Sid Dakota, yon nimewo idantifikasiyon non-kondiktè nan Sid Dakota, oswa yon nimewo sekirite sosyal.  
South Dakota Codified Law 12-4-5.4

**7. Chwa Pati.** Si ou aktyèlman enskri lis elektoral la epi ou kite espas pou chwa pati a vid, ou pral

rete enskri avèk aktyèl afilyasyon pati ou an. Si ou pa aktyèlman enskri nan lis elektoral la epi ou kite espas pou chwa pati a vid, ou pral enskri antankeyon elektè afilyasyon endepandan/san afilyasyon pati, ki pa yon pati politik nan Sid Dakota.

South Dakota Codified Law 12-4-15, 12-6-26

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Kite la vid.

**9. Siyati.** Pou enskri nan South Dakota ou dwe:

- Dwe yon sitwayen Ameriken
- Rezide nan Sid Dakota
- Dwe genyen omwen 18 lane nan dat pwochen eleksyon an oswa anvan sa
- P ap piye yon pèn kounyeya pou kondanasyon pou yon krim ki ekskli anprizònman, k ap piye oswa ki nan sispansyon, nan yon sistèm penitansye pou adilt
- Pa dwe jije kòm mantalman enkonpetan pa tribunal lalwa, Lwa Kodifye nan Sid Dakota a 12-4-6,12-4-8,l2-1-9,l2-1-4,12-4-18, Konstitisyon Sid Dakota, Atik VII, Seksyon 2

## Adrès postal:

Elections, Secretary of State  
500 E. Capitol  
Pierre, SD 57501-5070

## Tennessee

Mizajou: 05-01-2020

**Dat Limit pou Enskripsiyon -** 30 jou anvan eleksyon an.

**6. Nimewo Idantifikasiyon.** W ap bezwen bay tout nimewo sekirite sosyal ou. Ou oblige bay nimewo sekirite sosyal ou, si ou genyen youn, pou idantifye ou ak pou evite moun enskri plizyè fwa (TCA 2.2.116).

**7. Chwazi yon Pati.** Ou pa oblige enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Sèlman si ou vle chwazi youn.

**9. Siyati.** Pou enskri nan Tennessee ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan Tennessee
- gen omwen 18 tan nan jou pwochen eleksyon an oswa anvan jou sa a
- pa te kondane pou yon krim, men si yo te kondane ou, kalifikasyon ou pou enskri epi vote depann selon krim yo te kondane w pou li a ak dat kondanasyon ou a. Pou plis enfòmasyon sou pwoesisis sa a, rele 877-850-4959 oswa ale sou sitwèb <https://sos.tn.gov/restoration>. Si yo te efase kondanasyon ou a, yo p ap konsidere ou gen yon kondanasyon pou yon krim.
- yon tribalnan jiridiksyon konpetan pa te jije ou enkonpetan (oswa yo pa te retabli kapasite legal ou)

## Adrès postal:

Coordinator of Elections  
Tennessee Tower, Seventh Floor  
312 Rosa L. Parks Ave.  
Nashville, TN 37243-1102

## Texas

Mizajou: 03-01-2006

**Dat Limit pou Enskripsiyon -** 30 jou anvan eleksyon an.

**6. Nimewo Idantifikasiyon.** Ou dwe bay nimewo lisans chofè ou pou enskri pou vote. Si ou pa gen yon lisans chofè, w ap bezwen bay omwen kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou. Si ou pa gen ni youn ni lòt, tanpri ekri "NONE" (OKENN) sou fòm lan. Eta ou ap

# Enstriksyon Eta yo:

ba ou yon nimewo idantifikasiyon inik pou w ka enskri pou vote pito.

**7. Chwazi yon Pati.** Ou pa oblige enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Kite la vid.

**9. Siyati.** Pou enskri nan Texas ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan konte ou fè aplikasyon pou enskripsiyan an
- gen omwen 17 tan ak 10 mwa (ou dwe gen 18 tan pou w ka vote)
- pa dwe te finalman kondane pou yon krim, oswa si yo te kondane ou pou yon krim, yo te anile tout pinisyon an, tankou prizon, liberasyon kondisyonèl, peryòd pwobasyon, oswa yo te padonnen ou.
- yo pa te deklare ou andikape mantalman nan jijman final yo tribinal

## Adrès postal:

Office of the Secretary of State  
Elections Division  
P.O. Box 12060  
Austin, TX 78711-2060

## Utah

Mizajou: 09-19-2019

## Dat limit enskripsiyan - Dat limit enskripsiyan varye:

**Lapòs:** dat ki sou anvlòp lapòs fòm enskripsiyan an oswa jou yo resevwa li Lapòs la dwe 30 jou anvan eleksyon an.

**Fas-a-fas:** ou dwe depoze fòm enskripsiyan yo nan biwo grefye konte a 7 jou avan eleksyon an.

**Sou entènèt:** ou dwe soumèt enskripsiyan yo 7 jou avan eleksyon an. Ou dwe gen yon lisans chofè Utah oswa pyès idantite valid Utah.

**Menm jou a:** elektè yo ka enskri nan biwo vòt yo pandan peryòd

pou vote bonè yo oswa nan Jou Eleksyon an ak yon bilten vòt tanporè.

**6. Nimewo Idantifikasiyon.** Fòm enskripsiyan elektè ranpli ou a dwe gen youn nan bagay sa yo ladan: yon nimewo lisans chofè Utah, yon nimewo Idantifikasiyon Eta Utah, oswa kat dènye chif nimewo Sekirite Sosyal ou a. Si ou pa gen yon Lisans Chofè Utah oswa yon Kat Idantifikasiyon Eta Utah, tanpri ekri "Okenn" nan espas yo mete pou sa a epi mete kat dènye chif nimewo Sekirite Sosyal ou.

**7. Chwazi yon Pati.** Ou pa oblige deklare yon pati pou w ka vote. Sepandan, lwa eleksyon Uta a pèmèt chak pati politik chwazi ki moun li pral pèmèt vote nan eleksyon primè li. Si ou pa afilye ak yon pati, yo kapab pa kite ou vote nan eleksyon primè a.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Kite la vid.

**9. Siyati.** Pou enskri nan Utah ou dwe:

- se yon sitwayen ameriken
- te abite nan Utah pandan 30 jou imedyatman anvan pwochen eleksyon an
- gen omwen 18 tan nan jou pwochen eleksyon an oswa anvan jou sa a (moun ki gen 16 lane ak 17 lane yo ka enskri davans pou vote; si yon moun ki gen 17 lane oswa ou pral gen 18 lane nan jou eleksyon jeneral k ap vini an oswa avan sa, yo ka enskri davans oswa enskri nan eleksyon primè a)
- pa nan prizon pou yon kondanasyon pou krim li te komèt nan moman an
- pa dwe kondane pou trayizon oswa krim kont franchiz eleksyon an, amwenske yo te retabli dwa sivik ou yo
- yon tribinal pa te detèmine ou andikape mantalman

- ap viv nan distri oswa sikonskripsiyan ou enskri pou vote a

## Adrès postal:

Office of the Lieutenant Governor  
P.O. Box 142325  
Salt Lake City, UT 84114

Mizajou: 09-19-2019

## Dat Limit pou Enskripsiyan -

Nou dwe resevwa anrejistrem an ou pa lapòs nan biwo grefye a nan dènye jou grefye a gen èdtan anvan eleksyon an. Vermont gen enskripsiyan elektè jou Eleksyon an nan biwo vòt yo kòm ansanm ak enskripsiyan elektè sou entènèt. Pou enskri sou entènèt, ale sou-  
<https://olvr.sec.state.vt.us>.

## 6. Nimewo Idantifikasiyon.

Ou dwe bay nimewo lisans chofè Vermont ou a, oswa si ou pa gen youn, 4 dènye chif nimewo Sekirite Sosyal ou. Si ou pa gen yon lisans chofè Vermont oswa yon nimewo Sekirite Sosyal, tanpri ekri "NONE" (OKENN) sou fòm nan. Biwo Sekretè Deta a ap ba ou yon nimewo idantifikasiyon inik.

**7. Chwazi yon Pati.** Vermont pa mande pou w enskri ak pati pou patisipe nan nenpòt ki eleksyon.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Pa obligatwa.

**9. Siyati.** Pou enskri nan Vermont ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan Vermont
- gen 18 tan nan jou pwochen eleksyon an oswa avan jou sa a
- te fè fèman sa a: Ou sèmante (oswa afime) nenpòt ki lè ou vote, touche nenpòt ki bagay ki konsène eta Vermont, ou pral fè a ak pi bon konsyans ou, jan sa te etabli nan

# Enstriksyon Eta yo:

Konstitisyon an, san ou pa fè oswa fe okenn moun favè [Sèman Elektè, Konstitisyon Vermont, Chapit II, Seksyon 42)

Depi ou siyen Bwat 9, sa vle di ou ateste ou sèmante oswa afime sèman elektè Vermont ki ekri anwo a.

## Adrès postal:

Office of the Secretary of State  
Elections Division  
128 State Street  
Montpelier, VT 05633-1101

## Virginia

Mizajou: 11-30-2011

**Dat Limit pou Enskripsyon -**  
Livre 22 jou anvan elekson an.

**6. Nimewo Idantifikasyon.** W ap bezwen bay tout nimewo sekirite sosyal ou. Nimewo Sekirite Sosyal ou ap parèt sou rapò yo pwodwi sèlman pou rezon ofisyèl enskripsiyan elektè ak elekson ofisyèl epi, pou rezon seksyon, nan tribinal. Atik II, §2, Konstitisyon Virginia (1971).

**7. Chwazi yon Pati.** Ou pa oblige enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan elekson primè pati sa a.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Kite la vid.

**9. Siyati.** Pou enskri nan Virginia ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan legal Virginia ak sikonsipson ou vle vote a
- gen 18 tan anvan elekson jeneral mwa me oswa novanm nan
- yo pa te kondane ou pou yon gwo krim, oswa yo te retabli dwa sivik ou yo
- yon tribinal pa te deklare ou andikape mantalman nan moman an

## Adrès postal:

Virginia State Board of Elections  
1100 Bank Street, 1st floor  
Richmond, VA 23219

## Washington

Mizajou: 07-01-2022

**Dat Limit pou Enskripsiyan -** Ofisyèl elekson yo dwe resevwa fòm enskripsiyan an sou entènèt ak pa lapòs yo omwen 8 jou avan elekson an. Enskri an pèsòn nenpòt ki lè pandan lè biwo yo louvri ak anvan 8:00 pm nan Jou Eleksyon an.

**6. Nimewo Idantifikasyon.** Ou dwe bay nimewo lisans chofè oswa nimewo kat idantifikasyon Washington ou a. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa yon kat idantifikasyon Washington, ou dwe bay kat dènye chif Nimewo Sekirite Sosyal ou. Si ou pa bay enfòmasyon sa yo, sa ka anpeche yo trete enskripsiyan ou an.

**7. Chwazi yon Pati.** Ou pa oblige di ak ki pati ou afilye pou enskri nan Washington.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Kite la vid.

**9. Siyati.** Pou enskri nan Washington ou dwe:

- se yon sitwayen ameriken
- yon rezidan legal nan Eta Washington, konte ou ak sikonskipson ou a pou 30 jou imedyatman anvan elekson kote ou vle vote a
- gen omwen 18 tan avan Jou Eleksyon an
- Si yo te kondane w pou yon krim nan Eta Washington, yon lòt Eta, oswa nan tribinal federal, dwa pou vote a ap restore otomatikman depi aktyèlman ou p ap sèvi yon pèn total kote ou fèmen nan prizon. Ou ka anrejistre ankò.
- moun ki gen ant 16 ak 17 tan yo kapab enskri kòm Fiti Elektè epi y ap enskri otomatikman pou vote lè yo kalifye

## Adrès postal:

Secretary of State  
Elections Division  
P.O. Box 40229  
Olympia, WA 98504-0229

## West Virginia

Mizajou: 09-12-2006

**Dat Limit pou Enskripsiyan -** 21 jou anvan elekson an.

**6. Nimewo Idantifikasyon.** Mete nimewo lisans chofè ou. Si ou pa gen yon lisans chofè, mete kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa yon nimewo sekirite sosyal, y ap ba ou yon nimewo idantifikasyon inik.

**7. Chwazi yon Pati.** Ou dwe enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan elekson primè pati sa a (amwenske ou mande yon bilten vòt yo pati ki pèmèt endependan yo vote)

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Kite la vid.

**9. Siyati.** Pou enskri nan West Virginia ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- viv nan West Virginia nan adres ki anwo a
- gen 18 tan, oswa pou vote nan elekson primè a gen 17 tan epi pral gen 18 tan anvan elekson jeneral la
- pa dwe sou kondanasyon, pwobasyon, oswa liberasyon kondisyonèl pou yon krim, trayizon oswa koripsyon nan elekson
- yo pa te jije ou "andikape mantalman" nan yon jiridiksyon konpetan

# Enstriksyon Eta yo:

## Adrès postal:

Secretary of State  
Building 1, Suite 157-K  
1900 Kanawha Blvd. East  
Charleston, WV 25305-0770

## Wisconsin

Mizajou: 09-20-2022

**Dat Limit pou Enskripsyon** - Dat ki sou anvlop ou voye li pa lapòs la dwe omwen 20 jou anvan eleksyon an; oswa ranpli nan biwo vil oswa grefye minisipal la jiska 5:00 p.m. nan jou vandredi anvan eleksyon an; oswa ranpli nan biwo vòt la Jou Eleksyon an. **Wisconsin otorize enskripsiyon elektè sou entènèt tou** - Vizite <https://myvote.wi.gov> jiska 20 jou avan eleksyon an si elektè a gen yon lisans chofè oswa kat idantite eta Wisconsin te bay ki ajou ak valid.

**2. Adrès Kay:** Ansanm ak fòm enskripsiyon elektè ou a, ou dwe voye yon dokiman prèv rezidans ou prenon ak siyati konplè ou ak adres rezidansyèl ou, tankou yon kopi lisans chofè ak kat idantifikasiyon eta Wisconsin ki ajou ak valid, bòdwo taks imobilye, bòdwo ki pa gen plis pase 90 jou, etadkont labank, chèk travay oswa souch chèk, oswa yon chèk oswa dokiman ou te resevwa nan men gouvènman an. Gen yon lis konplè ki disponib nan <http://elections.wi.gov>.

**6. Nimewo Idantifikasiyon.** Bay lisans chofè Wisconsin ou a oswa nimewo idantifikasiyon Depatman Transpò te ba ou a. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa yon kat idantifikasiyon Depatman Transpò te ba ou, ou dwe bay kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou.

**7. Chwazi yon Pati.** Pa obligatwa.

**8. Ras oswa Gwoup Etnik.** Pa obligatwa.

**9. Siyati.** Pou enskri nan Wisconsin ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan Wisconsin epi ou te abite nan adres enskripsiyon an pou omwen 10 jou.
- gen omwen 18 tan
- yo pa te kondane ou pou trayizon, krim oswa koripsyon, oswa si sa te rive, yo te retabli dwa sivik ou yo apre ou te fin sèvi pèn ou a oswa yon padon
- yon tribinal pa te twouve ou pa ka konprann objektif pwosesis elektoral la
- pa fè oswa benefisyè nan okenn pari sou rezulta eleksyon an
- pa te vote okenn lòt kote nan menm eleksyon an

## Adrès postal:

Voye fòm enskripsiyon ou ranpli a ak yon kopi dokiman prèv rezidans ou bay biwo grefye minisipal ou an. Ou ka jwenn grefye minisipal ou isit la: <https://myvote.wi.gov/en-US/MyMunicipalClerk> Si ou pa ka jwenn adres grefye minisipal ou a, ou ka poste li nan:

Wisconsin Elections  
Commission  
201 West Washington  
Avenue, Second Floor  
P.O. Box 7984  
Madison, WI 53707-7984

(Remak: ou ka retounen aplikasyon yo nan biwo Komisyon Eleksyon Wisconsin a nan adres ki anwo a, men pou evite reta, yo rekòmande ou pou w retounen aplikasyon enskripsiyon elektè ou a dirèkteman nan biwo grefye minisipal ou an.)

## Wyoming

Mizajou: 03-01-2006

Selon lalwa, Wyoming pa ka aksepte fòm sa amwenske lwa a chanje.

Fado deklarasyon publik la te fè pou jwenn enfòmasyon sa yo, Nimewo Kontwòl OMB 3265-0015, estime an mwayèn ak 7 minit pa repons, ki genyen ladan tan pou revize enstriksyon yo, pou chèche aktyèl sous done yo, pou rasanble ak pou mentni done ki nesesè, ak pou ranpli epi revize kòlèk enfòmasyon yo. Voye kòmantè konsènan estimasyon fado sa a oswa nenpòt lòt aspò nan kòlèk enfòmasyon sa yo, ki genyen ladan sijesyon pou redwi fado a, bay U.S. Election Assistance Commission, 633 3rd Street NW, Suite 200, Washington, DC 20001, Attn: Fòmilè Nasional pou Enskripsiyon Elektè pa Lapòs. Sepandan repondan yo ta dwe okouran ke selon nenpòt lòt dispozisyon lwa a, pèsòn pa dwe tonbe anba okenn penalite pou paske yo pa respekte yon kòlèk enfòmasyon si sa pa afiche yon nimewo kontwòl OMB ki aktyèlman valid.